


CHAPUPU PAGUNGWA

 Tisati takakotamisa misoro yedu kuti tinamate, ndiri kuda kuverenga mamwe maShoko aMwari. Ndinofarira nguva dzose kuverenga Shoko raKe; nokuti mashoko angu anokundika, ndeemunhu, asi Shoko raKe harikundiki. Zvino kunemi munotevera zvinenge zvichiverengwa, nezvakadaro, ngativerengei kubva muna Mateu chitsauko 14, manheru ano, tichitangira pandima 22.

Pakarepo Jesu anogombedzera vadzidzi vake kuti vapinde mugwa, vamutungamirire mhiri, iye ndokusara achiendisa vanhu vazhinji.

Zvino wakati aendesa vanhu vazhinji, akakwira mugomo ari oga kundonyengetera: zvino ava...ava madekwana, wakanga aripo ari oga.

Asi igwa zvino rakange rave pakati pegungwa, richitambudzika namafungu: nokuti mhengo yakange ichivadzivisa.

Nenguva yechina yeusiku Jesu akauya kwavari, achifamba pamusoro pegungwa.

Zvino vadzidzi vakati vachimuona achifamba pamusoro pegungwa, vakamanikidzwa, vachiti, Madzimudzangara; vakadanidzira nokutya.

Pakarepo Jesu akataura navo, akati, Tsungai moyo; ndiNi; musatya.

² Ngatikotamisei misoro yedu zvino tinamate. Apo misoro nemoyo yedu zvakakotamiswa pamberi paMwari, pane ane chishuwo here muchivakwa chino, manheru ano, chaunoda kuzivisa kuna Mwari, nokusimudza mawoko enyu, kuti murangarirwe mumunamato? Ishe vakutarisei, vatinzwire tsitsi.

³ Baba vedu vari kuDenga, tiri kuuya zvino muHupo hweNyu, nenzira pamwe nemuZita raIshe Jesu. Tichiziva, nekugutsikana kwakaropafadzwa, kwaAkativimbisa, kuti “chipi chatinokumbira” muZita raKe, kuti Munotipa. Tinotenda zvikuru nokuda kwaizvozvo. Mashoko haakwanise kutsanangura manzwiro edu pamusoro pazvo, nekugutsikana kwatiinako, kuti Makateerera kwatiri iye zvino.

⁴ Maona mawoko ayo, Ishe. Munoziva zvizhuvo zvavo. Ndimi Mwari munoziva zvose, samasimba, asina magumo, uye tinoziva kuti Munoziva moyo yevanhu. Makaziva mifungo yedu. Kunyangwe tisati tasikwa, Makaziva mufungo wose wataizova nawo, nokuti haMuna magumo.

⁵ Uye tinonamata, Ishe, panguva ino, apo zvizhuvo zvedu zviri kusvika kwaMuri, tariraiwo kubva kuMatenga, Ishe,

mugoisa zvikumbiro zvedu mumoyo meNyu pacheNyu, Ishe, mugotipindura zviru maererano noupfumi hweNyu huri muKubwinya. Tipeiwo chishuwo chemoyo wedu, tichivimba kuti ndiko kuda kweNyu kwaMwari. Uye tinoziva kuti mufaro weNyu wakanaka kuti multe kuda kweNyu.

⁶ Tipeiwo kudururwa kukuru kweHupo hweNyu, manheru ano, zvakare Ishe. Podzai varwere. Ponesai vakarasika, mutsai avo vakafira muzvivi nokudarika, mugovaunza kuHupenyu hutsva, manheru ano. Dai tikaona Jesu. Tazvikumbira nemuZita raKe. Amen.

⁷ Garai henyu pasi. Tine urombo kuti hatisi kukwanisa kupa vanhu vose pokugara, nokuda kwenzvimbo dzinokwanisa kugarwa. Asi, kubvira pausiku hwekutanga, vanoti vakatozodzose vanhu vakawanda, nokudaro tine urombo nazvo. Zvino Hama Grant havana kunge vazovakisa imwe kamuri, zvichida, yokuti . . . Ndinotenda kuti nechekuruboshwe ndiko kwavachaswededza chikamu chino. Yakakosha, hama yakakosha yandikumbira kuti ndichiita izvi gore negore, kudzoka ku Dallas, kucheche yavo. Kokero huru yakadai, munguva ino, apo mikova iri kupfigwa nokukasika, zvoita kuti murume uyu ari kuda kuti ndidzoke chigova chitiko chegore negore, pakuitwa. Ndinozvikoshesa.

⁸ Ndava nenguva yekuwadzana navo mangwanani ano, neHama Gordon Lindsay pamwe nevakawanda vavo. Hama Perry Green, uyo ari kuzotsigira nemari musangano uri kuuya kuBeaumont, agere shure kwangu manheru ano. Uye vakawanda, shamwari dzedu, Hama Don nemudzimai wavo. Tinofara zvikuru kuva navo pano. Mwari avaropafadze.

⁹ Zvino, manheru ano, kungo . . . Ndanga ndiri kuedza kuita kuti Mharidzo dzangu dzinge dziri nyore zvikuru, zvokuti kana mwana chaiye anogona kudzinzwisisa.

¹⁰ Mangwana masikati kuchave neshumiro yekuvhangerwa, zvino ndinoshuvira kuti dai mose magona kuuya.

¹¹ Zvino kana muine shumiro kucheche kwenyu, ko, imi—imi garai uko—uko kwamunopindira. Hatidi kuona munhu anosiya chechi yake, kuti . . . Zvino kana uchirwara uchida kuuya kuzonamatirwa, kana chechi yako iine shumiro mangwana masikati, taura nemufudzi wako pamusoro pazvo, kuti asazofunga zvakaipa, munoziva. Muzivisei kuti tiri pano kuti tiite mushandira pamwe, kuti—kuti tibatsire Mutumbi wose waJesu Kristu uri kupfuura sevayenzi nemuno muDallas nemunharaunda dzakapoteredza.

¹² Saka, mangwana masikati, ndinofunga kuti, panguva ya two-thirty, ndichange ndichitaura Mharidzo yekuvhangerwa. Shure kwazvo tichazonamatira vanhu vose vanorwara, todana makadhi ose omunamato nezvose zvakasaririra musvondo rino rose, tovanamatira vose mangwana.

13 Zvino chidzidzo changu manheru ano chakaita sekamutambo kaduku, kwenguva shomanani. Ndichaedza kuisa zvose zvandinokwanisa manheru ano, pakunamatira varwere. Musoro wenyaya yangu unoti, “musatye, ndiNi,” Jesu achitaura. Chidzidzo changu chinoti: *Chapupu Pagungwa*.

14 Kwakange kwave kumagumo kwenguva dzemasikati, zuva rakange rave kunodoka pakaitika izvi, uye rakange riri zuva raipisa sezviri kuita imo muno.

15 Muchina wekutonhodza mweya muno wakafa, zvino vari kutoshanda paari. Ndicho chikonzero ndashandura chidzidzo changu ndichiri uko, izvo zvandanga ndiri kuzotaura pamusoro pazvo, kuitira kuti ndizopedza nokukurumidza, kuitira kuti musazogarisa munopisa saizvozvi.

16 Muredzi mukuru uyu, mushure mezvaakange aona muzuva rose, ainge akatarisa Jesu mushumiro yaKe huru.

17 Ndaingada hangu kunge ndakararama muzuva iroro, ndichiMutevera. Asi, munoziva, ndinofara kuti ndichine mukana wekuita zvimwe chete, kuMutarisa achiita zvinhu. Zvino zvatove zvikuru kuMutarisa nhasi kudarika zvazvaiva kareko. Ndave nekutenda kwakawedzerwa maAri iye zvino, uye ndinokwanisa kuva nokutenda kwakawedzerwa iye zvino kudarika kwandingadai ndaive nako kareko, nokuti tave nezviuru zviviri zve makore zvekuratidza kuti Evhangeri ndere chokwadi. Zvino mushure memakore zviuru zviviri, Achiri mupenyu, achiita zvimwe chete sezvaAiiita kareko, nokudaro tave nekugutsikana kukuru pamwe nehwaro hwakakura hwekutenda kudarika hwavaive naho kareko.

18 Nokuti, Akange angori Murume aifamba achitaura kuti—kuti Akange atumwa kubva kuna Mwari uye akange ari Mwanakomana waMwari, uye kuti Mwari vakange vari kusimbisa Shoko raVo revimbiso yezuva iroro, naYe, zvino vakange vaine chikonzero chekuzvipokana. Vadzidzi veshoko, vakadaro! Zvino munocherechedza kuti chakange chiri chinhu chinisiririsa, chaisiririsa zvikuru, nokuti vadzidzi veshoko vangadai vakaZvitenda dai Mwari vainge vasina kupofomadza meso avo. Bhaibheri rakataura kudaro.

19 Zvino munozviva here kuti Akavimbisa kuti Achapofomadza meso avo zvakare muzuva ranhasi, kuti vasaZvione? Vachange “vaine misoro yakawomara, vanokarira zvepamusoro, vanoda mafaro kudarika Mwari, vanotyora sungano, vapomeri venhema, vasingagone kuzvidzora, vanoshora avo vakarurama; vane chimiro chehumwari, asi vachiramba Simba racho.” Ivimbiso chaiyo yadzokazve. Haukwanise kurega kunzwira vanhu tsitsi, meso avo akapofomadzwa kuzuva rino. Paine maGwaro ayo Mwari vakavimbisa kuti aizozadzikiswa muzuva rino, munguva ino, zvino takanyatsozvitara uye tiri kuzviona. Zvino vanhu

vanotarisa, vozunguza musoro wavo vofamba vachienda, vachiti, “Handisi kuZviona.” Chinhu chinisiririsa, asi zvisinei maGwaro anofanira kuzadzikiswa. Zvinofanira kuva saizvozvo.

²⁰ Zvino vadzidzi ava vakange vakasarudzwa naMwari. Macherechedza here, Jesu akavataurira, “Nyika isati yavambwa,” Akavasarudza, uye vakange vari mbeu yaMwari yakatemerwa. Ndicho chikonzero pakasimuka matambudziko, zvikaita kunge vanhu vakange vaisa Jesu mukona, pane mumwe mubvunzo, ivo vakange vasina mubvunzo. Vakange vasingazvinzwisise, asi vakange vakatsunga kusava nechimwe chavanzovisa kunze kwaiYe oga. “Ndimi moga mune Shoko reUpenyu.” Zvino vakange vakazvipira kugara naRo, nokuti vakange vakatemerwa kuhofisi iyoyo.

²¹ Ndizvo zvazviriwo nhasi, kuti varume nemadzimai, vakatemerwa kuHupenyu Husingaperi, vachauya kuHupenyu Husingaperi. “Vose vaNdakapiwa naBaba vachauya kwaNdiri.” Ndiro Shoko raKe, uye harikundiki. I—iShoko raMwari.

²² Tinoona vadzidzi ava zvino, vakange vave nemusangano mukuru zuva iroro, mune mumwe munda mukuru waive mujinga regomo. Zvino Jesu akange avaudza kuti, “Zvino chifanotungamirai muyambukire mhiri kwegungwa, mberi kwaNgu.” Zvino Iye ainge achizokwira mugomo, ari oga, kunonamata. Zvino vadzidzi ava, mushure mokunge vasangana neshamwari, ndinokwanisa kufungidzira kuti vainzwa sei.

²³ Nokuti, kana masangana neshamwari, zvino mobva mowonekana neshamwari; panguva iyo yamunenge muchangozivana, ndipo pamunoti chisarai. Zvino izvozvo zvagara zviri zvinhu zvinoita sokurwadzisa moyo wangu, munyika mose, pasi rose, ndeapo pandinosangana neshamwari ndobva ndavasiya, uchiziva kuti pane vazhinji vavo vausisazonazve dzamara masangana paKutongwa. Zvinhu zvinosuwisa.

²⁴ Ndinokwanisa kufungidzira igwa, neku—kumberi kwaro kwaive kwakasundirwa kumahombekombe. Zvino aifanira kunge ari Simoni Petro, uyo aive nemawoko akasimba nemapipito makuru, akatendeutsa igwa akarifambisa rakananga mugungwa. Zvino vose vakange vachisumudza mawoko avo vachiwonekana neavo vaive pamahombekombe. Ivo zvino vakange vachidanidzira, “Mudzoke zvakare mugounza Tenzi kuti azotionawo! Uye muuye muzova norumwe rumutsiriro; taropafadzwa zvikuru nhasi!” Shamwari itsva dzakange dzichisumudza mawoko. Akazokwira mushure mevadzidzi vose, ndokugara pasi zvimwe kuda parutivi rwemunin’ina wake, Andrea, ndokutora zvimiti zvokufambisa igwa.

²⁵ Nga—ngarava kareko dzaifambiswa nemhepo kana nezvimiti zvokufambisa zvavaidhonza. Zvimwe tingati vaigara

vaviri muigwa, vaviri kune rimwe divi, zvino vaizo... kana kuti vaviri muchigaro chimwe chete, waro, zvichitora kuda vanhu vatanhatu kana vasere. Vaidhonza panguva imwe chete, zvino nenzira iyoyo vaikwanisa kuti igwa rirambe rakabatana munguva yedutu. Zvadaro, kana mhupo ichivhuvhuta zvakanaka, vaisimudza jira rinobata mhupo, vofambiswa nemhupo.

²⁶ Aifanira kunge aive masakati aipisa, pakutaridzika kwazvo mumaGwaro chiitiko ichi chisati chaitika, nokudaro akange ari masakati akanyararisa, ane zuva, aipisa. Zuva rakange rave kudoka. Zvino ivo, pavaingunofambisa chikepe, vaimbomira vosimudza mawoko vachiwonekana nevanhu, “Tine tariro yekukuonai zvakare pane imwe nguva,” apo vaienda vachipinda mugungwa. Zvino kudoka kwezuya, neutonga hwemadekwana, zvino mushure mekanguva ri—rima ndokuuya.

²⁷ Zvino vakange vave kuti mhanyei pa—pakutyaira, zvino iri ibasa rakawoma kana zvimiti zviya zvichinge zvanyudzwa mugungwa. Uye vazhinji vavo vose vaive—vaive varedzi vehove, uye vari varume vakasimba zvikuru, vakajairira gungwa. Nokudaro vaitarisira kuti Jesu achakwira igwa ovatevera, nokukasika. Sezvineiwo, vati fambe-fambe, vanofanira kunge vakamboirega zvishoma ichizvifambira yoga; kuita kuti ngarava yako inge yave kuti mhanyei, zvino wobva wairega ichizvifambira.

²⁸ Zvichida wechidiki Johane ndiye akave wekutanga kutaura, nokuti ndiye aive mudukusa paboka iroro. Uye anofanira kunge ari iye akati, “Ndave kuti netei zvishoma. Ngatiriregei richizvifambira roga zvishoma. Mirai zvishoma, hatifanirwe kunge tiri kumhanya. Haasati ati auya, saka ngatimbomirai kwekanguva kuti timbonyatsofema mhupo yakanaka.”

²⁹ Zvino paakange agerepo akakotamisa musoro wake zvishoma, anofanira kunge akavamba musanganano wezvapupu. Zvino ndizvo zvandiri kuda kutaura pamusoro pazvo. Anofanira kunge ari iye akatanga kusimuka, ndokuti, “Hama, zvisinei kuti vanhu vangati kudini, uye kuti ndiyani hake angada kupokana zvakadini, ini zvirokwazvo ndave nechokwadi zvino, mushure mezuya ranhasi, kuti hatisi kutevera munyengeri. Tiri kutevera Mwari azere, nokuti hapana munhu anokwanisa kuita zvaAita nhasi kunze kwekunge ari Mwari. Munoziva, paya paAora zvingwa zviya ndokuzvimedura, akapa chokudya kuzviuru zvishanu, ndicho chinhu chinonyanyisa kundishamisa. Paigona kunge paive nemubvunzo kusvikira pari nhasi,” zvino ndiri kungodzokorora chapupu chake sezvachaiva, “asi izvi zvagutsa zvose.”

³⁰ Ndokuti, “Ndinorangarira makore akapfuura. Ndaimbogara pedyo neJorodhani. Uye ndinokwanisa kurangarira, semukomana mudiki, kuti amai vangu vaive

tsvarakadenga, yechiJudha vaipota vachinditakura, ari masikati, vondiisa pamakumbo pavo vachindirezva, vari kunze muvheranda, apo maruva emapopi akange odombera maruva ari mumhenderekedzo dzemahombekombe eJorodhani. Vaiwanzotarisa nemugwenga, uko kwakauya nevanhu vedu pavakaunzwa nemugwenga iri. Vaipota vachinditaurira nyaya dzemuBhaibheri. Imwe yenyaya huru dzandinorangarira, yaive yemudzimai weShunemi apo mwanakomana wake mudiki akange afa, zvino—zvino muporofita akazomutsa mukomana mudiki uyu kubva mukufa. Yaive nyaya yaindifadza zvikuru.

³¹ “Asi imwe yenyaya yainyanyisa kufadza, amai vangu vaigaronditaurira, vachiti, ‘Zvino, Johane, unongori mukomana mudiki; asi ndinoda kuti urangarire, paunenge uchikura, kuti, Jehovha mukuru akaburitsa vanhu vedu kubva muEgipita, tikauya nemurenje riri uko mhiri kwerwizi. Zvino vose kwemakore makumi mana, vakafamba murenje iroro, pasina nzvimbo yekuwana nguwo, uye pasina nzvimbo yokudyira. Zvino Mwari vainaisa chingwa kubva kuDenga, usiku hwega-hwega, vakapa vanhu vedu chokudya murenje iroro, nokuti vakange vari mugwara rekudanwa kwavo, vachitevera Jehovha mukuru. Uye zvino, nerimwe zuva, Jehovha achaitwa nyama pano panyika, ari muchimiro cheMunhu, Achange achinzi Muzodziwa, Mhesiya.’

³² “Uye ndinorangarira,” aitura, “semukomana mudiki, kuti pfungwa yangu yemukomana muduku yaifungidzira, ndaiedza kufungidzira, ‘Ko Mwari vakazvigona sei kupa chokudya vose avo, vanhu vaive mamiriyoni maviri nechidimbu, murenje iroro? Ko vakawana sei chingwa chose ichi?’ Zvino ndaiwanzobvunza amai, ‘Amai, Aiva here, ko—ko Jehovha ane here mazihovhoni akawanda muchadenga, zvokuti Aibika chingwa chose, omhanya manheru osvikochiisa pa—pasi, kuvanhu, matenga aJehovha makuru akazara here nemahovhoni?’ Ivo vaiti, ‘Kwete, mwanangu, uchiri mudiki kwazvo kuti uzvinzwisise. Waona, Jehovha Musiki. Haadi mahovhoni. Anongotaura, zvino Shoko raKe rinozviritidza kana Achinge ataura. NdiJehovha mukuru, saka Akangoita zvokutaura. Zvino Ngirozi ndidzo dzaizonochiwaridza pasi, kune vanhu.

³³ “Zvino nhasi, pandaMuona akamira paye, ko mambocherechedza here kuratidzika kwechiso chaKe? Panga pasina kupokana mupfungwa dzaKe. Ndakwira seri kwedombo, ndikaMutarisa paAtora chingwa chiya ndokuchimedura, akachipa kune...vashumiri vaKe, isu, kuti chigoverwe kuvanhu. PaAdzosazve ruwoko kuti amedure zvakare, chingwa chiya change chazara zvakare. Zvino izvi Aziita kwenguva dzakapetwa kazana, kusvikira munhu wose aguta, uye panga paine tswanda, dzizere, dzazounganidzwa. Ndinoziva kuti ange ari Jehovha chete, nokuti Aita zvakaitwa naJehovha. Jehovha ndiye oga anogona kusika. Uye ndinoziva kuti Murume uyu haasi

munyengeri. Panongori neMusiki mumwe chete, uye ndiJehovha. Uye zvino, pane zvinhu zvose zvandaona, izvozvo zvandigutsa.

³⁴ “Ndiri kuda kuti muzive zvino kuti moyo wangu ndaupira zvachose, uye ndinozvitenda zvachose kuti haAngori muporofita bedzi. Muporofita, asi Muporofita nokupfuurira. Hapana zvaAri kunze kwekuva Jehovha Mwari chaivo vagere pakati pedu, nokuti Akasika chingwa, uye Aiva netsika dzaJehovha. Ndosaka Aikwanisa kuti, ‘Kana ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, zvararo musaNditenda; asi kana ndikaita mabasa aBaba vaNgu, motadza kutenda maNdiri, tendai mabasa, nokuti ndiwo anoNdipupurira uye anodudza kuti Ndiri Ani.’ Zvinoratidzika sokunge vanhu vaifanira kunge vakazviona, nyore-nyore.”

³⁵ Zvino Johane akange agutsikana kuti Akange ari Mhesiya wacho, Uyo akanzi naIsaya, “Kwatiri kwazvarwa Mwanakomana, Zita raKe richanzi Gurukota, Muchinda weRugare, Mwari Wamasimba, Baba Vokusingaperi.” Zvino Johane akagutsikana nokuda kwezvaakaona. Muchinda wechidiki aingunopa chapupu.

³⁶ Panguva yakada kuita imwe chete, Simoni Petro akati, “Saka, iye zvino, chimbomirai zvishoma. Kana tiri kuzova nomusangano wekupa zvapupu, ndiri kuda kutaurawo chimwe chinhu. Munoziva, ini ndaishora zvikuru nyaya yacho yose, apo Andrea munin’ina wangu, uyo akange achienda kurumutsiriro rwaJohane muporofita, uyo akange apupura kuti Mhesiya ari kuuya uye iye ndiye aizoMuzivisa. Zvino ini ndaive nekakushora pane zvandaitaurirwa naAndrea, nokuti ndakambonzwa nyaya dzakasiyana-siyana dzaMhesia nezvimwe zvose.

³⁷ “Asi imi mose hama munorangarira baba vangu mutana. Zita ravo rainzi Jonasi. Uye munovarangarira, nokuti vakange vari mutendi akasimba. Zvokuti ndinorangarira amai nababa, nesu tose, pataizviriritira nokuraura hove, zvino kana tisina kubata hove; tange ipapo tichida chingwa, zvino taipfugama pasi tonamata kuna Mwari, ‘Tipeiwo hove dzatichabata nhasi, Mwari, kuti tigokwanisa kutengesa hove dzedu, tizobhadhara zvikwerete zvedu, togova nechikafu chokudya.’ Uye kuti taizopinda mugungwa, mudutu, toshinga kuti—kuti tisangane nemadutu iwayo.

³⁸ “Zvino baba, ndinovaona vhudzi ravo rakachena rakaremba kugotsi kwavo, rimwe zuva pavakange vagere pamberi muigwa vachitaura neni, vachiti, ‘Simoni, ndiwe mwanakomana wangu mukuru. Unoziva, ndagara ndichitenda, Simoni, kuti ndichaona Mhesiya. Vanhu vedu vagara vakamutarisira kubva muEdheni. Uye tine chokwadi chokuti Ari kuuya, zvisinei kuti zvichatora nguva yakadini. Kwava nezviuru zvina zve makore zvatopfuura, mungangoti. Asi ndinotenda kuti Mhesiya achauya. Uye muJudha wose aitenda kuti aizoona Mhesiya muchizvarwa chake. Ndine tariro

yekuMuona muchizvarwa changu. Asi zvinoratidzika sokunge, ndave kuchembera zvino, ndinofanira kuchisvika kumagumo, ndave kunzwa kudzimbikana pamwe nemarwadzo, zvichida handichaMuoni munguva yangu. Asi zvichida uchamuona, mwanangu.

³⁹ “Zvino ndinoda kukudzidzisa muMagwaro. Mwanangu, Mhesiya asati auya, pachange paine zvinhu zvakawanda zvichange zvichiitika, mhando dzose dzezvinhu zvenhema, nokuti Satani achazviita, kuti aparadze runziro yaMhesiya wechokwadi kana Achinge auya.” Zvagara zvakadaro; zvichakadaro.

⁴⁰ Zvino tinozoono kuti, anoti, “Ndinorangarira vakandimbundira neruoko rwavo, vakati, ‘Mwanangu, pane nzira imwe chete yauchagona kuziva nayo Mhesiya uyu. Zvino tave nemazana emakore tisina muporofita. Maraki ndiye akava muporofita wedu wekupedzisira. Ave mazana mana emakore apfuura, hatisati tambova nemuporofita. Asi rangarira, Mosesi akatiudza, muMagwaro, kuti, kana Mhesiya achinge auya, Achinge ari muporofita, paAnosvika panzvimbo. Isu maJudha takadzidziswa kutenda muporofita. Uye rwendo rwaMhesiya panyika iShoko raMwari rakataurwa, iro raAkativimbisa. Zvino Shoko nguva dzose rinouya kumuporofita, zvino muporofita anozosimbisa Shoko iroro. Usafe wakazvikanganwa izvozvo, mwanangu! Panogona kusimuka zvinhu zvikuru, panogona kuva nekuzvifarira kukuru ne—nezvinhu zvikuru. Asi rangarira, Mhesiya achinge ari muporofita, nokuti tinoziva kuti Mwari havashandure nzira yaVo, uye Vakati Mhesiya achinge ari muporofita. Saka rangarira, mwanangu, vaporofita ndivo avo vanenge vaine Shoko raMwari. Zvino kana Mhesiya achinge auya, Achinge ari Muporofita.’

⁴¹ “Ndichiri kunzwa ruwoko rwavo,” akadaro Simoni, “apo vairwuisa pandiri. Zvino Andrea ainge amirepo achigeza mambure, panguva iyoyo. Unozvirangarira here, Andrea?”

“Hongu, Simoni, ndi—ndiri kuzvirangarira.”

⁴² “Zvino Andrea aiedza kunditaurira kuti Johane uyu aive muporofita. Ndaive nezvimwe zvinhu zvokuita, ndaifanira kutengesa hove nezvimwe. Zvino baba vave nemakore vafa, asi ndagara ndakazvichengeta mundangariro dzangu; baba vakati, ‘Mhesiya uyu achinge ari muporofita achaziviswa nenzira yeMagwaro, uye usazvikanganwe, nokuti iShoko raMwari rakataurwa. Zvino Shoko iri ragara nguva dzose richiuya kuvaporofita; zvinorizivisa, kana kuti kuratidza zvakavimbiswa zvemuzera iroro.’”

⁴³ Uye zvino Simoni, “Rimwe zuva,” akati, iye akati, “munoziva, Andrea akandikoka kuenda kune mumwe musangano. Ndakaenda zasi ikoko kumusangano uko uyu Muchinda, Jesu, aive. Zvino ndakanga ndanzwa

guhwu rakasiyana-siyana. Paive nemumwe Jesu akange asimuka, shure kwaKe, akavimbisa kuva zvimwe zvinhu zvikuru, akatungamirira vanhu mazana mana vakanoparara, nezvimwewo zvakadaro. Ndakafunga kuti Aivewo mumwe wemhando yakadaro, aive nemanyukunyuku akawanda erumutsiro, kana rimwe sanganano guru ravaizogadzira. Asi rimwe zuva ndakafunga kuenda naAndrea uyu, munin'ina wangu.”

⁴⁴ Ndinofungidzira, panguva iyoyo, igwa rakatanga kuzunguzika. Mumwe munhu akatanga kudandzira, achiti, “Gara pasi! Usazunguze igwa. Chimbomira zvisvoma. Gara wakapfava.”

⁴⁵ Akati, “Munoziva, pandakaendako ndikafamba pamberi pechiso chaKe, kekutanga, Akanyatsonditarisa muziso akandiudza kuti zita rangu raive ani. Haana kunge akambondiona kumashure. HaAna kungoziva ini chete, asi Akaziva baba vangu mutana vaive nehumwari, avo vakange vandidzidzisa Magwaro. Zvino ndakabva ndaziva kuti Uyo aiva Mhesiya. Zvakabva zvandikwanira, pakare ipapo. Ndizvozvo. Zvakazvijekesa, kwandiri.”

⁴⁶ Anofanirwa kunge ari Firipi akati, “Ndingataurewo here shoko rimwe pano?” Zvino akati, “Hama Natanaeri, musatendera izvi kuti zvikukanganisei; nokuti, munoziva kuti takanzvera magwaro kwemakore nemakore, kuti Mhesiya ainge akaita sei. Asi pandakaMuona Achiita saizvozvo, ndakaenda ndikanotora shamwari yangu iyi, Natanaeri. Zvino paakangosvika ipapo . . .”

Natanaeri akati, “Chirega ndizvitaure. Chirega ndizvitaure.”

⁴⁷ Oh, munoziva, pane chimwe chinhu mushure mokunge Jesu akuitira chimwe chinhu, iwe—iwe haukwandise kuramba wakagadzikana, unongonzwa kuda kuzvitaure, pachako. Handizvo here? Kana chiri chimwe chinhu chemazvirokwazvo, unongonzwa kuda kuchitaura. PaAkandizadza neMweya Mutsvene, ndinoda kuzvitaure. Ndinoda kuti mumwe munhu azvize. Kwete kuti mumwe munhu azvitaure; ndinoda kuzvitaure, pachangu.

⁴⁸ Zvino ndinofungidzira, Natanaeri akanzwa manyukunyuku ndokuti, “Munoziva, ndiri kuda kutaura izvi. Ndakange ndiine kakukuzvidza, Firipi, pawakanditaurira. Ndakakubvunza kuti, ‘Pane chakanaka here chingabude kubva muNazareta?’ Zvino wakandipa mhinduro yakaisvonakisisa pane ingapiwe nemumwe munhu, ‘Uya uone.’” Zvinoshandawo zvakanaka nhasi. Ndizvozvo. Usagare kumba uchitsoropodza. Uya, uzvionere, munoona. “Akati, ‘Pane chakanaka here chingabude muNazareta?’ Akati, ‘Uya uzvionere.’ Zvino unoziva zvawakange wanditaurira.

49 “Zvino pandakafamba ndichipinda muHupo hwaKe, Akandiudza kuti ndaive ‘mu—muHebheru, muIsraeri, munhu akatendeka,’ ndaizviziva.

50 “Asi ndakashamisika, ‘Ko zvingaitika sei?’ Airatidzika semunhu wamazuva ose. Ndaitarisira Mhesiya kuti agoburuka nenzira dzendarama achibva Kudenga, akananga kumutungamiriri wesangano kuno, kuJerusarema, ouya achiti, ‘Kefasi, Ndasvika.’ Asi vakazooka kuti, akabva kuNazareta, achibva kumhuri yevarambo; uye chaizvo izvo aive nezita rakasvibiswa shure kwaKe, serekuti ‘mwana weupombwe.’ Heunoi Amirepo, akapfeka nhumbi dzamazuva ose, kwete semuprisita kana mumwe munhu; aingoriwo munhu zvake. Zvino ndakafunga, pandakafamba ndichisvikapo, ‘Ko angava sei Mhesiya? Aive akapfeka hanzu imwe tsaru, iyo yaAkange apfeka kubva Achiri jaya, heunoi akapfeka hanzu imweyo; uye vhudzi rake richiremba kusvika kumusana waKe. Aive akaita semunhu wamazuva ose aiwanikwa mumugwagwa.

51 “Zvino Akanditarisa kumeso, ndokuti, ‘Apo Firipi asati akudana, pawave uri pasi pemuti, Ndakakuona.’ Ndakabva ndagutsikana. Ndakaziva, neShoko, kuti aive Mhesiya. Aiva iYe.”

52 Zvino igwa rinofanira kunge rakazunguzika, uye shumiro yezvapupu yainge iri kuenderera mberi. O, inguva inoshamisa zvakanadiko iyo yavaive nayo, vari kunze uko mugungwa, vaive nenguva yaifadza zvikuru.

53 Andrea akati, “Ndiri kuda kutaura pamusoro pechimwe chinhu chandakambotadza kunzwisisa kwechinguva. Munorangarira apo tai—taidzika kuJeriko? Akati, ‘Tinofanira kuenda kumusoro; ndinofanirwa kupfuura nemuSamaria.’ Saka, Akakwira kuSamaria uko kuguta reSaika, apo Akatituma tose kuti tinotenga chokudya muguta.”

54 “O, hongu, ndinozviringarira, zvakanaka!” Vose havo, “Hongu, hongu!” Igwa rakange zvino rave kuzunguzika, munhu wose aive nechapupu chinoshamisa mushure mokunge rumutsiriro rwapera. Saka vaingunova nemusangano wezvapupu uyu.

55 Zvino akati, “Hongu, munorangarira takaverevedza, zvino, takashamisika, takaona Tenzi vedu vachitaura nechipfeve chine mbiri yakaipa. ‘Uh-huh,’ takafunga, ‘hazvina kunaka. Muoneiwo kunze uko achitaura nemudzimai uya wechidiki. Zvino atituma, zvino heunoi Ari kuno agere nemudzimai uyu ane mbiri yakaipa.’ Rangarirai, takanga takamira seri kwemakwenzi, tichiteerera hurukuro yavo.

56 “Zvino takaMunzwa achiti kumudzimai, ‘Mudzimai, enda unotora murume wako mugouya pano.’

57 “Zvino tikati, ‘Zvakanaka, tinogona kunge takanganisa, zvichida mudzimai uyu akange akawanikwa zviripamutemo.’

58 “Zvino mudzimai akanyatsomutarisa kumeso, ndokuti, ‘Changamire, handina kana murume.’”

59 “Munorangarira kuti moyo yedu yakakundika sei? ‘Uyu Mhesiya wedu mukuru wataivimba naye, apa zvino abatwa achinyepa, ataura zvisiri izvo, nokuti Akati, “enda unotora murume wako,” zvino mudzimai uyu akange apindura achiti haana murume. Zvino zvakange zvachiMudzokera.’ Munorangarira here kuti tose takaratidza kushamisika, tikapererwa nemweya wekufema?”

“Hongu, ndinozviringarira.”

60 “Zvino munorangarira here mashoko akazotevera? Akati, ‘Wataura chokwadi, nekuti wakave nevashanu, uye uyo waugere naye zvino haasi wako.’ O, munorangarira here musangano wezvapupu seri kwechigwenzi? Ini zvangu!” Munoono, hamukwanise kuMuisa pakamanikana. Iye ndiMwari. “O,” Simoni akati, “zvango...” Andrea akati, “Ndakabva ndagutsikana.”

61 Bhatomio akati, “Mirai, ndiri kuda kutaura chapupu. Ndotaura here, hama?”

62 “O, zvakanaka, ndinodaira kuti unokwanisa, nokuti tine nguva yakawanda. HaAsati ati auya, saka tichangoti fambei zvishoma. Enderera mberi, Bhatomio, iwe chipupura.”

63 “Zvakanaka, chimwe chezvinhu zvikuru kwandiri. Munorangarira here hanzvadzi yedu zasi muJeriko, inonzi Rabheka?”

“Hongu.”

“Murume wake aive nepanzvimbo panodyirwa.”

“Uh-huh.”

64 “Zvino—zvino akange ari muzvina bhizimu, uye zita rake ainzi Zakeo.”

“Hongu, hongu, ndinonyatsomurangarira kwazvo.”

65 “Munorangarira, akange ari—akange ari imwe yehanzvadzi dzedu. Akange atenda munaShe, zvino akange achitya zvikuru kuti Zakeo achangozvisiya zvichipfuura asina kugamuchira Jesu. Zvino, o, Zakeo akange ari shamwari huru yemuprisita ikoko. Zvino akange ari kunamata kuti chimwe chinhu chiiitike kuti meso ake azaruke, zvararo ozocherechedza kuti uyu ndiye aive Tenzi, iri ndiro rakanga riri Shoko raMwari rakasimbiswa, rakaitwa nyama pakati pedu. Zvino takaedza kutaurira hanzvadzi. . . kutaurira murume kuti Jesu weNazareta anoziva zvakananzika zvemoyo, zvichiratidza kuti akange ari Shoko, nokuti Shoko rinonzvera pfungwa dziri mumoyo.

66 “‘Hazvina maturo,’ akadaro, ‘ndinotenda muprisita. Zvinotaurwa nemuprisita ndizvo zvakanzikwanira.’ Nokuti aive nhengo muma—mapoka ose omuguta, maKiwani nemamwe ose,

munoziva, saka iye . . . zvakange zvakamuti omerei kuti azvirege. Saka Rabheka akange atikumbira tose kuti tinamate, tinamate. Zvino nguva dzose pataisvika panyaya yokuti Aive muporofita, iye aiti, ‘Hazvina maturo! Muprisita anoti, “NdiBherizebhabhu. Ndidhiyabhore. Anozviita nesimba radhiyabhori. Uye anongori munhu anoverenga pfungwa. Ndizvo zvega zvazviri. Hapana zviripo apa.” Saka hakuna chinhu chakadaro muzuva rino; hatina kumbobvira tava nevaporofoita kwemazana emakore. Ko zvino Muchinda uyu, asina kana kadhi rehunhengo, ko Angazova muporofita sei? O, hapana nzira yokuti ave izvozvo!’

⁶⁷ “Asi, munoziva, Rabheka akaramba akabatirira, mudzimai wake, pamwe nokunamata. Zvino mamwe mangwanani apo Jesu akange achipinda muguta, saka, zvadaro takazoon, Rabheka akatiudza kuti Zakeyo akange aenda mu—mumugwagwa, kunoMuona. Saka akange asingatendi kuti Aive muporofita, nokudaro akati, ‘Ndiri kuda kunyatsoMuona zvakanaka,’ sekutipupurira kwaakaita tiri panzvimbo yekudyira nezuva riya apo tainge tichidya. Zvadaro akakwira muti wemuonde, ndokuti, ‘Munozivei, ndichazvivanza kumusoro kuno kuitira kuti Asandione. Ndiri munhu mudiki, saizvozvi, ndakapfupika zvikuru. Zvino handikwanise kuMuona ndiri pasi apo, mumhomho yevanhu, saka ndichakwira zvangu mumuti.’ Zvino akasvika paisangana mapazi maviri—maviri, zvino iye ndokugarapo, pamapazi aya.”

⁶⁸ Ndiyo nzvimbo yakanaka yokugara pasi uchinyatsonzvera. Ndipo panosangana nzira mbiri, yako neyaMwari; mazano ako. Ndicho chinhu chakanaka, kufungisisa pamusoro pazvo.

⁶⁹ “Saka akati, ‘Munozivei, Anofanirwa kunge aive muporofita. Anokwanisa kuve ari. Zvinokwanisika kuti ndini ndiri kukanganisa. Saka chiregai ndikutaurirei, ndichanyatsoMutarisa zvakanaka; zvino haAmbondizivi. Saka ndichatora mashizha ose ndoadhonzera kwandiri seizvi, akandipoterredza, ndobva ndazvivanza zvokuti haAmbondioni zvachose. Zvino ini ndichamutarisa paAnenge achipfuura. Zvino Akasataridzika semunhu wacho chaiye, ndichaMutarira zviri mupfungwa dzangu, ndigere mudenga muno mumuti.’ Saka akatarisa, zvino akange aine shizha raaigona kusimudza kuti agoMuona paAnopota nepakona.

⁷⁰ “Zvino paAkauya nepakona, achifamba achidzika nemugwagwa, munoziva, achitarisa kurutivi uku neuku, zvino vadzidzi vachiti, ‘Mirai parutivi. Ndine urombo.’ Zvino vanhu vakange vaine vana vairwara nezvimwewo. ‘Ndine urombo, Tenzi vakaneta zvikuru; shumiro huru iya yanezero manheru. Uye, sezvine hunhu, mungamirewo here parutivi muMurege apfuure. Saka, Ari kufamba achidzika Akananga muguta, zvino ndapota mungamirewo here parutivi?’ Zvino Zakeyo akange agere ari mudenga mumuti, achiMutarisa kubva mudenga.

⁷¹ “Zvino Jesu akabva auya chaipo pasi pemuti, ndokumira, ndokutarisa mudenga zvino ndokuti, ‘Zakeyo, buruka kubva ipapo. Ndiri kuenda newe kumba nhasi, kusvusvuro yamadekwana.’ Ndakabva ndagutsikana. Akaziva kuti akange ari mudengamo, uye nokuziva zita rake, kuti aive ani. Ndakagutsikana. Kwandiri, ndiMhesiya. Hongu, changamire. Nokuti, tinoziva kuti Mhesiya aizoita zvakadaro. Zvirokwazvo. Saka Akatozoenda naye kumba, zvanzi, zuva iroto kunosvusvura manheru. Yakava nguva inoshamisa zvakadini! Tinoirangarira.”

⁷² Munoziva, dzakange dzave kuda kusvika nguva dziya, shumiro yezvapupu yakange ichienderera mberi. Munoziva, vadzidzi vari kunze uko mukati megungwa, vachipupura, zvakaitika kuti mukati merima usiku pane imwe nzvimbo, kunyika uko dzekuchamhembe, Satani anofanirwa kunge akafamba nepamusoro pechikomo ndokutarisa pasi. Akatarisa mumusangano wezvapupu, ndokuona kuti vakange vaenda vasinaYe. Ndiwo wakave mukana wake.

⁷³ Munooona, ndinofunga kuti chitiko ichi chadzokazve, chazvidzokororazve. Vakange, mumanyukunyuku erumutsiro, vakange vaenda vasinaYe. Uye ndinotenda kuti ndizvo zvakawanda zvacho zvaitika kwatiri nhasi, kuti, munguva ino yenyonganyonga, nemushure merumutsiro rukuru urwu rwataona. Rwatsvaira rwuchipoteredza nyika yose. Nyika yoga-yoga yakatungidzwa moto werumutsiro, ukabvira; shumiro huru dzekupodzwa kwevarwere; vanhu vachigamuchira Mweya Mutsvene, muhuwandu hwakaita makumi ezviuru akapetwa zviuru. Zvino mumanyukunyuku azvo, sevadzidzi vaya vaipupura pamusoro pezvaAinge aita, “uye, o, takaMuona achiita *izvi*, uye tikaMuona achiita *izvo*,” Ndinotenda kuti taendawo sezvavakaita, tisinaYe.

⁷⁴ Tiri kuteverana nemikana mikuru iyo—iyo yatakawaniswa nerumutsiro. Tiri kuteverana nemikana yekuita mari yakawanda, machechi, kuvaka zvivakwa zvakawedzera kukura, nzvimbo huru dzemamiriyoni emadhura, zvikoro zvikuru, hurongwa hwedzidzo, pamwe nokuita kuti sangano redu rikure. Uye tova nehurongwa hwezvecommunism, nezvinorwisana necommunism, ndizvo zvoga zvatinogona kutaura pamusoro pazvo muzuva ranhasi. Zvino chinhu chokutanga munoziva, Satani akationa tiri muhurongwa hwedu hwekurwisana necommunism, tiri muhurongwa hukuru hwemasangano edu, uye nepatiri kuti “kututsira nemiriyoni zvakare,” nezvimwe zvakadaro, sezvavakawana.

⁷⁵ Zvino taenda tisina misangano yakare yemunamoto nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene rwuchidzoka, kusvikira pokuti moto wave kubvirira pasi. Unogona kudandizira, ugoedza kuti vanhu vauye kuartari, uye vanouya vachifamba zvavo sevave kutofa, kuri kuzengurira kuuya. Zvino

ukazokumbira vashumiri kuti vauye kuzonamata navo, “O, sei andikumbira?” Zvino vanozodzika, uye hautombovawani. Zvino vanongomirapo kwemamitsi mashoma, vokutarisa, vodzokera kunogara pasi muzvigaro zvavo. Kwandiri, moto wadzima! Pane chaitika. Tererai! Chatiri kuda rumutsiro, rwekuti vatadzi, vakatarisa kuna Kristu, vanotendeuka, vomhanyira kuartari vakasimudza mawoko avo mudenga, vachichemera tsitsi, uye chechi yose inenge iri rimi remoto, nekubwinya kwaMwari.

⁷⁶ Shungu dzedu dzekuda mukana wekuti masangano edu akure, takavaka zvikoro zvikuru zvekuti tidzidzise vashumiri vedu, zvovaendeswa kure naMwari kudarika zvavaive pakutanga. Mwari havazivikanwe nedzidzo. Havazivikanwe nedzidzo yeshoko. Mwari vanozivikanwa nokutenda. Haukwandise kutsanangura Mwari. Havatsanangurike.

⁷⁷ Onai zvazvaita, kunesu vanhu vePentekosti vakange vari pentekosti. Madzimai edu agera vhudzi ravo; vave kuzora pendi kumeso. Varume vedu vari kuzvitendera. Vashumiri vedu vari kuzvitendera. Vanotyta kutaura chimwe chinhu pamusoro pazvo. Chechi inozovadzanga kana vakazviita. O, hatینگada here kuchenewa kwemusha wose, kubva papurupiti kusvika muimba yepasi. Zvinonyadzisa. Zvinoshoresa.

⁷⁸ Mumwe murume akauya kwandiri, nguva shoma yapfuura, akati, “Hama Branham, vanhu vanokudai.” Asi ndokuti, “Munogara muchingovatsiura nguva dzose, munogara muchitsiura madzimai, nokuda kwekuti vane vhudzi pfupi nezvimwewo zvakadaro.”

Ndakati, “Bhaibheri rakati zvinonyangadza kuti mudzimai ave naro.”

⁷⁹ Anozvidza murume wake paanozviita. Zvino chiratidzo zvirokwazvo chekuti wabva pana Mwari. Rangarirai, zvazvaive kuna Samsoni, vhudzi refu chaive chiratidzo chechiNazire chekuti akange abva munyika, achienda kuShoko raMwari. Zvino kana ukagera vhudzi rako, madzimai, unenge uchiramba kuti uri chiratidzo chechiNazire. Waenda kuHollywood kunze kwekudzokera kuBhaibheri. Bhaibheri rinoti, “Ngavasagerwa vhudzi.” Munooni, zvinonyadzisa, zvino vashumiri hapana chavanotaura pamusoro pazvo.

⁸⁰ Murume uyu akati kwandiri, “Madiniko masiya madzimai akadaro?” Akati, “Vanokuonai semuporofita.”

Ndikati, “Handina kumboti ndiri muporofita.”

⁸¹ Akati, “Vanokuonai saizvozvo. Vadzidzisei kugamuchira zvipo zveMweya nokuitawo chimwe chinhu. Munofanira kuvadzidzisa zvinhu zvikuru, zvinhu zvakanakura.”

⁸² Ndikati, “Ko ndingavadzidzise sei algebra ivo vasiri kutombodzidza maABC avo, kuti vararame mune

zvakadzikama? Ko uchazviitawo sei? Hongu, enda kune chinhu chekutanga.”

⁸³ Gore negore, ndichidimbura nemunyika ino, zvino zvirikutoramba zvizhishata nguva dzose. Pane chimwe chinhu chakatsveyama, hazvisi pamwe neShoko. Ndicho chikonzero tisisakwanise kuve nemoto yerumutsiro iri kubvira. Tiri kuda nguva yekuchenesa musha. Mwari havazozviiti kunze kwekunge tadzokazve. Tiri kuda nguva yekuchenesa musha.

⁸⁴ Zvino iwe murume, unorega mudzimai wako achiita chinhu chakadaro, kupfeka zvikabudura! Ava havasi maMethodisti, maBaptisti. MaPentekosti, ndizvozvo chaizvo, “chimiro chehumwari, Zera reChechi yeRaodhikia, rinongodziya,” ine zita rokuti Pentekosti, bedzi. Pentekosti harisi zita, chiiitiko cherubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, chinonyatsoshamba vanhu. Ndosaka tisiri kukwanisa kuva neshumiro huru dzekupodzwa kwevarwere nezvimwewo, pane chatsveyama pane imwe nzvimbo. NdiSatani, akationa tichiedza ku . . .

⁸⁵ “Saka, tikangotaura chimwe chinhu pamusoro pazvo, vanoenda kunova nhengo yekumwe.”

⁸⁶ Rangarirai, haubhabhadzire Makristu. Makristu akakwasharara. Varume nemadzimai aMwari, vanomira naMwari, zvisinei zvingataurwe nemumwe munhu. Hauite zvekuvagombedzera nekuvatsvetera, nekuvapfapfaidza pefiyumu pamwe nokuvanyengetedza sevana. Izvozvo zvirimwa zvemunopisa, zvemasanganiswa, hachina kunaka zvachose, hazvife zvakambobereki.

⁸⁷ Zvinondirangaridza, se . . . Nenguva isipi ichange yave nguva yekurindira mazai. Ndacherechedza tushiri tuduku nhasi, uko, tushiri twemudzimba tuchitakura uswa tuchiisa mumatendere atwo. Nenguva isipi tuchange twave kurindira, tuchiita kuti mazai atwo achechenye. Munoziva, kashiri kanogona kuve nedendere rine mazai, zvino kanogona kurindira mazai aya, kagopota kachiapindura mushure memanitsi mashoma; kanoapindura netumakumbo twako, kagogara ipapo. Zvino, kakarega mazai achitonhora, mushure mokunge ambodziiswa, haazochehenyi. Nokudaro kanogoti bhururukei kobva kazadza mukwana nechikafu, kobva kadzokazve paari zvakare.

⁸⁸ Zvino munoziva, amai veshiri ava, vanogona kugara pamazai aya, vachiapindura kwapera maminiti maviri oga-oga, uye vorega . . . vagozvinyima pamwe nekutsanya kusvikira vanenge vaperezeka zvokuti havachakwanisi kubva mudendere. Asi kunze chete, kwekunge, amai shiri ava vakasangana neshiri hono, mazai aya haachechenyi. Hazvina basa kuti kudini, kuti novafuridzira zvakadini, haachechenyi. Anogaramo mudendere imomo ogowora.

⁸⁹ Zvino kana paine nguva iyo Pentekosti inofanirwa kutorana neMurume, Jesu Kristu; nokuti hapana chatiri

kuwana kunze kwedendere rizere mazai akawora, vachiramba Kutenda, vachipinda muEcumenical Council, vachizviti zvinhu zvikuru, kugara padyo napapa, vachiti “ndezevweya.” Mune dambudziko rei, imi vanhu vePentekosti? Hamuzivi here kuti Bhaibheri rakataura kuti zvinhu izvi zvaizoitika? Zvino tinodanidzira nokuti maMethodisti nemaBaptisti ave kupinda, nezvimwe zvinhu zvose izvi zvakaita saizvozvo. Hamucherechedze here kuti apo mhandara benzi inouya kuzotenga Mafuta, ndiyo nguva yacho chaiyo yakauya Chikomba? Havana kuwana Mafuta! Munoziva, Kubvutwa kuchauya muchivande, pamwe nokuenda, pane dzimwe nguva dzino, hamutombozvizivi kuti kwaitika. Kuchange kwapfuura, zvino iwe wozoshamisika kuti chii chakamboitika.

⁹⁰ SaJohane akauya panyika. Zvino vakati kwaAri, vachiti, “Nhandi, Bhaibheri rakati, Eria anofanira kutanga auya.” Iye akati, “Akatouya kare, uye hamuna kuzviziva.”

⁹¹ Ndizvo zvazvichavewo, nerimwe zuva, vachati, “Ndaifunga kuti izvi zvaifanira kuitika nguva yeKutambudzika isati yasvika. Ndaifunga kuti Kubvutwa kwaizoitika.” Mashoko anogona kupindura, “Kwakatoitika uye hauna kuzviziva.” Uhuh. Zvinogona kunge zvave pediyosa kudarika zvamunofunga. O, pepukai, chechi! Regai ndichisiyana neizvi; handina kvinga zvedzidziso pano, ndangofunga kuti ndizvidome kuti mugova nazvo parutivi.

⁹² Rangarirai, hama, Satani akaona hurongwa hukuru uhu, imwe chechi ichiedza kukunda imwe, rimwe remasangano richiedza kukunda rimwe, vachibvisa kusadzidza kwose vachivapa bvunzo yezvepfungwa, pova nemubati wepfungwa uyo anopa bvunzo kumunhu asati aenda kunzvimbo dzekuvhangeri. Pentekosti! Kwete, ivavo—ivavo—ivavo havasi maPresbyteriani, maPentekosti. Bvunzo rezvepfungwa rinodikanwa kune rimwe reboka remaPentekosti, boka guru, mamishinari asati aenda kunzvimbo kwavanzonoparidzira.

⁹³ Dai vakapiwa bvunzo yakadaro? Vakapiwa bvunzo. Yaiva bvunzo yepentekosti pakutanga, apo vakamirira vari muimba yepamusoro kusvikira kwakauya Moto kubva kuDenga, pamwe neSimba raMwari. Ndiro raive bvunzo racho.

⁹⁴ Kwete mumwe hake mubati wepfungwa wemunyika, akadhakwa zvishoma ari kuedza kuongorora pfungwa, kana uine manyawi zvishoma, kana zvimwe zvakadaro, achiti, “Iwe waparara zvachose.” Apo, zvakaonekwa zvezvirokwazvo kuti munhu wemweya zvakanyanya anohuta-huta, anofanirwa kunge ari muchinhano chakadaro kuitira kuti agopinda maUri. Saka hezvoka, munoona, kungokanganisa izvo Mwari vanga vachiedza kuita kwemakore akawanda, zvino vobva vadzoka nehurongwa hwavo pamwe nezvikuru. . .

⁹⁵ Vanofadzwa zvikuru pavanoona vanhu vakawanda vakaungana pamwe chete. Vanoti, “Dai vose ndaikwanisa kuvaita veAssemblies! Dai vose ndaikwanisa kuvaita maOneness! Dai vose ndaikwanisa kuvaita maMethodisti!” MaMethodisti vari kuedza kuti vose vave maMethodisti, maBaptisti vari kuedza kuti vose vave maBaptisti, maPentekosti vose vave maPentekosti! O, hapana zvaunogona kuita pamusoro pazvo, Mwari vakavatemera ivavo kubva kumavambo enyika. Isu tinofanira kuparidza Evhangeri. Ndizvo zvoga. Asi, hurongwa hwedu hukuru, tamhanyira tisina Moto wacho. Tamhanya tikanozvigadzirira moto sewekumba, tingangoti.

⁹⁶ Naizvo zvecommunism yedu, iye zvino tiri kutya zvikuru, kuti communism yapinda, “Chii chichazoitika?” Asi, munoziva, chinhu chikuru haisi communism. Imi regai ndikutaurirei iye zvino, ini handisi kutya communism.

⁹⁷ Asi zvandiri kutyira, imi maPentekosti, Ecumenical Council iyi ichakutorai. Ndicho chinhu chacho. Ichagadzira munembo wechikara, uye imi muchatozopinda mairi. Nokuti muri sangano, munofanirwa kupindamo kana kubudamo. Ndiyo nyaya yacho, uye munhu upi zvake akanaka, ane pfungwa dzakakwana, ari wemweya anozvzivisa. Tinoda chimwe chapupu chepagungwa, tiri kuzviona zvino. Uye maPentekosti edu, vari kungozvikabira zvese, chirauro, tambo nechinyudza chirauro, “Chichave chinhu chikuru zvakadini.” Apo, Methodisti, Presibhatariani, Lutheran, church of Christ, nemaPentekosti, muchatofanirwa kuramba—ramba dzidziso yenyu huru yechiapostori, kuti muvemo. Vachaitawo zvimwe chete. Munenge muchisina chokuita pamusoro pazvo. Zvose zvinenge zviri kubatana neRoma, chaizvo sezvazvakaratidzwa. MaGwaro akazvitaura.

⁹⁸ Vane dambudziko reiko vaparidzi vanorega zvinhu izvi zvichisvika muchinhano chakadai, vasingayambire vanhu? Vachazvipindurira kuna Mwari. Munguva ino yematambudziko, vaive mudambudziko, vaivemo. Communism haisi kuzopararira; IEcumenical Council ichamedza boka rose. Uye rangarirai, pamunoti, “Hazvi...” Zvinoitika, zvararo munenge masiiwa nenguva. Munenge matatora kare munembo wechikara. Munenge mave nhengo yayo zvararo.

⁹⁹ Zviri nani kuenda uko kwaunogona kuitiza iye zvino, hongu, changamire, wosimbiswa muHumambo hwaMwari. Mutumbi waKristu ndiwo Mutumbi wakavanzika waKristu, waunobhabhatidzirwa maUri neMweya Mutsvene; hauite zvekuUjoinha, kupinzwa maUri, zvekutsveterwa maUri, kupinzwa maUri nekutaura nendimi, kupinzwa maUri nekudanidzira. Unoberekwa maUri, neMweya Mutsvene. Ndizvozvo chaizvo. Ndizvo chaizvo.

¹⁰⁰ Zvino tinocherechedza zvinhu izvi, dambudziko rinobva rauya pakarepo. O, dhiyabhore akavatarisa akati, “Uh-huh, vaenda vachingopengereka, variko uko kwavari kungochirika-chirika, vachidanidzira, vaine nguva huru yakanaka. Munombozivei, iye zvino ndiyo nguva yangu yandinofanira kuvanyudza. Ndichapedzerana navo iye zvino.”

¹⁰¹ Zvino akasimuka nepamusoro pechikomo ndokutanga kufuridza mhelo yekufema kwake ine chepfu, whew, “Mazuva ezvishamiso akapfuura. Uyezve, ndinotenda kuti vanhu ava vari kungohuta-huta. Ndinofunga kuti vanofanirwa kupiwa bvu—bvu—bvunzo repfungwa vasati vaenda kunyika dzekunze.” MaPentekosti! Uh-huh. Onai mhelo yekufema kwake ine chepfu iri kuuraya Shoko, “O, ndinofunga kuti ndeZvimwewo zvinhu, ndi—ndinozvitenda...” Munoono, vari kunyatsodzokera sezvakaitwa nemamwe masangano ose, ndiyo nzira chaiyo yavari kufamba nayo. Vachadaro, inoriuraya. Nguva iyo yamunoriita sangano, zvinoriuraya. Zvagara zvakadaro. Zvichagara zvakadaro. Harizombosimukizve. Hazvina kumbozivikanwa munhorondo. Mu—muZera rino reKereke yeRaodhikia, Kristu aive kunze kwechechi, achigogodza, achiedza kupinda. Zvino havakwanisi kuZvigamuchira. Havakwanisi kuZviteerera. Zvino tinoona, munguva yatigere mairi, dambudziko rakapinda.

¹⁰² Zvino tinozotanga kuona kuti, zvishamiso hazvichisiri kuitika, sezvazvaiita. Varwere vanodzokera kumba vachirwara. Haisi mhosva yaMwari. Zvinokonzerwa nekushaika kwerumutsiroro pakati pevanhu. Hapana rumutsiroro. Va—vanogara voterera; voenda kumba, voti, “Zvakanaka, ndinofunga kuti zvanga zvakanaka zvikuru. Uh-huh.” Munoono, hapachisina shungu dziya. Hamuchisina chimwe chinhu chiya muvanhu chinofanira kunge chirimo.

¹⁰³ Ndinorangarira makore gumi nemashanu akapfuura, muno muArkansas, pandaive nemusangano muduku uko kuJonesboro, apo vanhu zviuru makumi mana vaiedza kunge varimo, vakauya kumusangano muguta raive nevanhu zviuru gumi nevashanu. Zvino vairara pasi pamarori edonje nezvimwewo zvose, vobata mapapa pamusoro pevana vavo vairwara, kuti vangopinda mukati. Vaigara muzvigaro zvavo vasingabvepo, masikati neusiku, vaituma vadikanwi vavo kunovatengera hamburger nebho—bhoto rechinwiwa; vogogorapo, zuva nezuva, zuva nezuva. Moyo yavo yakange ichibvira, nemoto. Chinhu chidukusa chaitwa naMwari, chaivatungidza nemoto. Zvino mazana avo vakapinda.

¹⁰⁴ Achiri Mwari mumwe chete, manheru ano, sezvaAive makore gumi nemashanu akapfuura. Achiri Mwari mumwe chete, manheru ano, sezvaAive paAkasika matenga nenyika.

¹⁰⁵ Asi chii? Tose takanakidzwa tikada kuvaka masangano edu, tikada kuvaka *ichi*, nekuvaka *ichi*, nokugadzira chimwe chinhu chikuru chinopenya, nokuzvienzanisa navana Jones, nemaMethodisti, nemaBaptisti, nemaPresbyteriani. Hausi mumwe wavo. Kwete, hausi. Vanhu vemasangano, zvakanaka hazvo, hapana chandinopikisana navo. Pane Makristu akawanda akanaka ari pakati pavo, asi haufanire kunge uchizvibatanidza nemapoka aya asingatende. “Vanhu vanoramba Simba romene,” haufanirwe kutora divi ravo.

¹⁰⁶ Munoziva, dambudziko racho ndeiri, muri kuedza kuunza Hollywood muchechi. Chinhu chamunofanirwa kunge muri kuedza kuita kudzinga Hollywood kubva muchechi. Maona? Muri kuedza kuita kuti chivakwa chenyu chinge chakanaka zvikuru, muri kuedza kuita kuti sangano renyu ringe rakakura zvikuru, kusvikira pokuti rinenge rave kukwezva meso evanhu. Hatikwanise kuenda kudivi ravo. Tinofanira kuvaunza kudivi redu. Zvinhu zvose zvichipenya, rangarirai, Hollywood inovaima nenyika, apo Evhangeri inobwinya mukuzvininipisa. Pane mutsauko mukuru pakati pekuvaima nekubwinya. Evhangeri inobwinya mukuzvininipisa, nemuhunoro, nekuzvininipisa, nesimba. Ipapo, Hollywood inopenya, uye munhu wose anoikuzirira pamwe nokudanidzira, achienda kwairi. Munoono? Hatidi zvakadaro.

¹⁰⁷ Tinoda kurarama tiri Chiedza. Akati, “Muri munyu wenyika.” “Kana munyu warasikirwa nekurunga kwawo,” ndiro simba rawo muEvhangeri. Tinofanirwa kunge tiine chimwe chinhu chiri kufamba mumachechi edu, chokuti maMethodisti, maBaptisti, maPresbyteriani, nevamwe vose, vanoshuvira kuuya. Tinofanira kunge tichinyatsovavira munyu! Munyu unounza nyota, unosika nyota. Munyu chirungiso, kana waiswa. Unofanira kuiswa.

¹⁰⁸ Zvino tinoona kuti, mukupengereka kwedu tichiedza kuzvienzanisa nemaMethodisti nemaBaptisti, nezvivakwa zvakakura nenzvimbo dzakakura, nevanhu vakanaka vakadzidza, nezvikoro zvakakura nemakoreji makuru-makuru, nezvimwe zvose zvakadaro. Tapinda mukupengereka, zvino pano dambudziko rabva rapinda.

¹⁰⁹ Zvino pfungwa yemweya inotarisa zvapoteredza yoti, “Pano, mirai zvishoma pano, tose tichatora here Ecumenical Council? Ko isu tose boka redu rose richapinda here mairi?” Chokwadi, muri kuenda. Ndizvo chaizvo. Chitarirai muone kana musiri kuzopinda. Bhaibheri rakati muchazviita, ndizvo chaizvo, zvino Kristu achange ari kunze. Mwedzi wakawora papa asati (wekutanga ati amboenda kuRome), pane umwe usiku, zvichikuratidzai chiratidzo mumatenga. Zvisina kumbofanotaurwa, wakazviita. Kutu Ishe vari kuita zvinhu muzuva rino, zvinoshamisa!

¹¹⁰ Zvino munguva ino huru yerima, pavaivemo, mhepo yakauya. Pakange pachisina zvachose tariro yekurarama. Zvino uchaita sei kana sangano rako rapinda muEcumenical Council? Chii chichazoitika zvino kuzvinhu zvedu zvikuru zvatakavaka pano pasi, tariro yekupedzisira pachisina?

¹¹¹ Asi munoziva, pavakange vave kuda kudanidzira, zvino pachisina tariro, hapana chaigona kuvaponesa; zvino kamwe-kamwe, vakaMuona achiuya, achifamba pamusoro pemvura. Munguva yerima, Akauya, achifamba.

¹¹² Munozivei? PaAkavasiya, Aiziva kuti zvainge zvichazoitika, nokudaro Akakwira pamusoro pechikomo chakareba kudarika zvose munyika. Kukwira mudenga kwaunenge uchiita, ndiko kukwanisa kwaunoita kuona zviru kure. Akakwira kumusoro kuitira kuti Ange achivaona, munoziva.

¹¹³ Zvino Aiziva kuti izvi zvakange zviru kuzouya. Akafanotaura kuti zuva ranhasi raizove pano. “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichange zvakaita pakouya kweMwanakomana wemunhu, apo Mwanakomana wemunhu achange achizarurwa.” Zvadarwo, Mwanakomana anofanira kuzarurwa. Chizvarwa chino chakaipa cheupombwe chichange chichitsvaka chiratidzo. Chichawana chiratidzo. Chichachiramba sezvavakaitawo kare, asi chichange chiri chiratidzo cherumuko. Achiri mupenyu, achiita sezvaAimboita.

¹¹⁴ Tinoona, kuti munguva iyi huru, vadzidzi vose ava vari mukushushikana, Akakwira mudenga kuitira kuti agovatarisa. Akange agere pamusoro pechikomo, akavatarisa.

¹¹⁵ Iye zvino haAna kukwira mugomo nguva ino, asi Akakwira kubva mubwiro, ndokukwira nemumhepo, ndokudarika mwedzi, nyeredzi, kusvika Akakwira mudengadenga zvokuti Anotatarisa pasi kuti aone Denga. Uye ndipo paAgere, kuMusoro-soro. Zvino ziso raKe riri pakadhimba, uye ndinoziva kuti Akatatarisa. Akatarisa.

¹¹⁶ Uye iye zvino munguva ino yerima, apo machechi ose apinda muhurongwa hwakakura, uye vane chirongwa *ichi* nechirongwa *icho*, zvose zvakarongwa sezvakaita mamwe ose machechi, iwo masangano. Zvino chii chakaitika? Munguva yerima, apo vanhu vakazadzwa neMweya vari kutoshushikana kuti, “Chii chichazoitika? Tarira kuvana vangu!” Murume ari kuti, “Tarira kumudzimai wangu! Tarirai kune *ichi*!”

¹¹⁷ Zvino vanobuda Svondo, kana pamunamato weChitatu manheru, nokukasika, kuitira kuti vaende vanoona *Tinoda Sucey*, kanawo zvimwe zvakadarwo, paterevhizheni. “Vanoda nyika, kudarika kuda kwavanoita Mwari.” Vachiita saivo.

¹¹⁸ Ndakaudza mumwe mudzimai nerimwe zuva, akange akapfeka dhirezi rainyatsomubata. Ndikati, “Hanzvadzi, Dhirezi renyu rakanyanya kubata. Zvinogona kuita sezvisina

kunaka kuti ndikuudzei zvakadaro, asi ndizvozvo. Uri Mukristu, zvino unozova chigumbuso.”

¹¹⁹ Akati, “Zvakanaka, Hama Branham, munombozivei?” Akati, “Iyi ndiyo mhando yoga yavanogadzira.”

¹²⁰ Ndikati, “Vachiri kutengesa machira, uye vane michina yekusona. Hapana pembedzo.” Hongu.

¹²¹ Terera, rega ndikutaurire chimwe chinhu, shamwari yangu wadiwa. Handisi kukutuka. Kwete, changamire. Ndiri kuedza kuti usazopinde mukutambudzwa. Kana mweya uyu uchiri mauri, uchazviita. Ndizvozvo. Unofanira kubarwa kubva kwazviri. Zvino unogona kuzviona pauri pane zvandataura izvi, asi rega ndikutaurire chimwe chinhu, munoona, “Zviri moyo wako, ndipo pane pfuma yako zvakare.”

¹²² Rega ndikutaurire. Unogona kunge wakachena kumurume wako seruva rehapa, uye unogona kunge wakachena sehapa, musikana mudiki, kumukomana wako, asi rimwe zuva Mwari vachaita kuti upindurire kuita upombwe. Une mhosva ukapfeka zvakadaro. Jesu akati, “Uyo anotarisa mudzimai akamuchiva, anenge atoita upombwe naye kare mumoyo make.” Zvino apo murume uyu paachazozvipindurira, mutadzi uyu, kukutarisa kwaakaita, nokuda kwekuita upombwe, ndiani anenge azviratidza kumurume? Pafunge ipapo. Imi madzimai echiPentekosti, munonyadzisa! Maona? Munonyadzisa!

¹²³ Ndinokudai, ndicho chikonzero ndiri kuzviture. Rudo runogadzirisa.

¹²⁴ Tiri mukupengereka kukuru, kupengereka pazvipfeko. Zvakangofanana, nokugadzirwa zvakananana, nyenya. Akati, “Musada nyika, kana zvinhu zvemunyika; kana ukadaro, rudo rwaMwari harutombori mauri,” handina basa kuti unotaura nendimi zvakananana, ugochirika-chirika mudenga, ugotamba; uchicheka vhudzi rako, uchipfeka hanzu dzakadaro. Imi varume muchizvitendera. Zvibereko zvako zvinotaura pachopauri. Ndizvozvo chaizvo. Ndosaka tiri munyonganyonga yatiri mairi, mhope dzecommunism, mhope dzezvemachechi, mhope dzesanganano remubatanidzwa!

¹²⁵ I—inguva yekubatana, inguva yekubatanidza. Vezvemubatanidzwa vari kubatanidza vashandi, vachiita gakava pazviri. Nyika dzine mu—Mubatanidzwa Wenyika dzose, vari kubatana. Machechi ari kubatana pamwe chete. Zviri kuratidzei? Zviri kuratidza kuti Kristu neMwenga vave kuda kubatana. Ndizvo zvazviri kureva. Mimvuri yose iyi yezvinhu iri kuratidza kuti zvinhu zvacho chaizvo zviri kuuya. Chitarisai zvino patave kuvhara, nokuti ndave kunyanya kupfuurira nguva.

¹²⁶ Zvino cherechedzai, munguva huru iya apo pakange pachisina tariro, yekurarama, vakaona mumwe Munhu achiuya, achifamba nepamusoro pemvura, achiuya. Zvino chinhu

chacho, chinosuwisa, nyatsoteereresai, chinhu choga chaigona kuvabatsira, vaichitya. Vakati, “Chinenge chipoko. Chinogona kudaro, munoziva, chipoko.”

¹²⁷ Ndokunge kana zvisina kudzokororazve! Vari kuZvitya. Vari kutya zvekuuka, vari kutya hameno rimwe simba ramadhimoni; apo Jesu akati Zvichaitika muzuva rino. Chinhu choga chinogona kuvabatsira ndiJesu Kristu. Kwete rimwe sangano, kwete vose vachibatana pamwe; zvichatoita kuti zvibva zvawedzera kushata kwakadarika zvazvakambova. Chinhu choga chinogona kukubatsira ndiJesu Kristu.

¹²⁸ Zvino paAkavimbisa kudzoka mumazuva okupedzisira, muchimiro chino, achiita izvi, achivimbisa (sezvakaitika apo mwanakomana wevimbiso akange ave kudzoka kuna Abrahamama, mbeu yekutanga) mbeu yehumambo yaAbrahama, Jesu aizo. . . akati taizoonza zvinhu zvimwe chete. Mwanakomana wevimbiso asati auya, Mwari vaizoZviratidza munyama zvino vobva vaita chaizvo sezvakaitwa naJesu, sezvaAkataura kuti Aizoita, sezvakataurwa kuti zvaizoitika nemazuva okupedzisira. Uye pano vimbiso dzose idzi, dzatinogona kuratidza, muhuwandu hwadzo, ipo pano pamberi penyu, kuti ndizvo zviru kufanira kuitika.

¹²⁹ Zvino machechi, ayo anofanira kunge akatambanudzwa mawoko, kuZvigamuchira, “Ndiri kuZvitya zvishoma. Hazvisi zvemuboka redu, munoonza.” Zvino vari kuZvitya. Chinhu choga chinogona kuvaunza kuna Kristu, ndiKristu pachaKe, zvino vari kutyira kuti Zvinotyisa. “O, handizive. Zvimwe kuda zvine mweya-mweya, munoonza. Uye hapana chandinoziva nezvaZvo.” Kutya chinhu choga chinogona kuvabatsira.

¹³⁰ Zvino munguva iyi yerima ine njodzi, iyo chechi yakasanangurwa, iro boka rigere kunze uko, vachitya kuti zvimwe kuda chipoko, vakange vasingadi kuwana chavanoita nacho. Shure kwazvo pakazouya Inzwi riya rinotapira, “Musatya. Ndini.”

¹³¹ Iye ndiye Shoko. HaAsi here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Haashanduke, kuti ange ari Shoko. Hamusi kunzwa here Shoko richiti, manheru ano, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Musatye; NdiNi”? [“Ameni.”]

Ngatikotamisei misoro yedu.

¹³² Baba voKudenga, ma—manheru ari kupisa. Inguva dzine rima, apo Moto wabva paartari. Muri kukohorora mumunda. Makati, “Humambo hwakafanana nemunhu akatora mambure ndokuenda kugungwa, ndokuakandira imomo, zvino akazoaburitsa. Ndizvo zvaive zvakaita Humambo.” Ishe Mwari, rimwe zuva hove yokupedzisira ichange iri mumvura! Makati, “Vakatora dzemhando dzose.” Mambure eEvhangeri anobata dzemhando dzose; akabata kamba dzemumvura, makakandye, madzvatvatsva, nyoka, miramba. Hatizive

zvaanobata, asi mainge muine hove imomo dzaMainge muchida. Imi ndiMi Mutongi. Asi tinocherechedza, nokukurumidza kamba yemumvura, gakandye, nezvose, zvinodzokera mugomba rematope zvakare, zvinodzokera mumvura. Asi nerimwe zuva hove iya yokupedzisira yakatemerwa, yakatemerwa kuuya, chikamu chokupedzisira cheMutumbi, chichaburitswa mudhamu.

¹³³ Makakanda mambure mumazuva aLuther, naWesley, Alexander Campbell, John Smith, Calvin, Knox, Finney, Sankey, nevamwewo; muzera rePentekosti, mumazuva aF. F. Bosworth, naFrochman, vanhu vakuru ava. Makakanda mambure, mumazuva aBilly Sunday, zvichidzika nemumazera.

¹³⁴ Uye zvino Muchiri kukukudza mugungwa. Pane here mumwe wavo agere pano manheru ano, Ishe? Kana aripo, dai vakaita semudzimai uya muduku patsime. Kunyangwe ari muchinhano chehupfeve, akakwanisa kucherechedza kuti Maive Mhesiya. Akaona chiratidzo chiya. Zvakaringana. Mudzimai akati, “Ndiri kucherechedza kuti Muri muporofita.” Akange asingazvifungidzire kuti angadai ari Mhesiya. Akati, “Tiri kutarisira Mhesiya,” nemamwe mashoko. “Tinoziva kuti kana Mhesiya achinge auya, Achatitaurira zvinhu izvi.” Zvino Imi makati, “Nдини Iye.” Zvakabva zvaringana.

¹³⁵ Zvino, manheru ano, Ishe, regai vazvione kuti, “NдиNi; musatye. Ivimbiso yaNgu.” Podzai vanorwara, Ishe, ponesai vakarasika, zadzai vasina chinhu.

¹³⁶ Dai tikaenda manheru ano, tichiti mumoyo yedu, patinenge tichienda, seavo vakabva Emmaus, “Moyo yedu haina kutsva here mukati medu paAnga achishumira kwatiri manheru ano muchivakwa chino, Hupo Hwake hweHumwari!” Maziviro avakaita kuti ndiMi, vakaKukokerai mumba meso avo akabva azaruka. Dai mumwe nomumwe wedu, manheru ano, aKukokerai mukati. Kana tisingaZvinzwisise, regai tiKukokerei mukati, zvakadaro. Ndiyo nzira yoga yaMunogona kuZvizarura nayo.

¹³⁷ Zvino tinocherechedza nzira yaMakaZvizarura nayo mushure mekumuka kweNyu, Makaita chimwe chinhu nemaitiro mamwe chete Amakaita nawo Musati marovererwa. Zvino uyai manheru ano, Ishe, Makati Muri “mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Itaiwo zvakare, kwatiri, sezvaMakaita mumazuva aMakamira pano muri munyama, panyika. Tichaenda kumba, moyo yakarerukirwa, saivavo. NemuZita raJesu tanamata. Amen.

¹³⁸ Zvino mushumiro, manheru ano, ndinoziva kuti kuri kudziya zvakanyanyisa, zvino tasarirwa nemaminiti makumi maviri kuti tibate nguva dzekubuda. [Chibenga patepi—Mupepeti.] Ndiri . . .

¹³⁹ Handikwanise kumisa kana kudzivisa zvinhu zvandinoita. Ndinoundwa nechimwe Chinhu, ndagara nguva dzose ndakadaro, muhupenyu hwangu hwose, uye Zvagara zviri muzvokwadi. Hazvina kumbondiudza zvimwe zvinhu kunze kwezviri muBhaibheri. Handikwanise kuzvimisa. Hapana chandinokwanisa kuita pamusoro pazvo. Ndicho chinozviita, zvakadaro. Zvino ndine chokwadi, kana ndikateerera, panenge paine mumwe munhu anenge achizvida. Uye ndichatendeka. NeZuva iroro, ndinoda kuti, saMutsvene mukuru Pauro akati, “Hapana ropa remhunu riri muruwoko rwangu.” Huh-uh. Ndi—ndinoda kukutaurirai Chokwadi. Kwete sezvandiri... Ndinokudai.

¹⁴⁰ Zvino dai wanga uine mukomana mudiki... Zvino pafunge ipapo, mudzimai, iwe wandatuka chinguva chapfuura, imi hanzvadzi mune vhudzi rakagerwa nezvimwewo zvinhu. Dai ini... Dai iwe uine mwanakomana mudiki agere mumugwagwa, zvino iwe wobva wati, “Junior, mudikani, dai wachiuya muno, mudiwa. Zvimwe kuda, handizive, vangangotyaira vachikunyenyeredza.” Haumude mwana iyeye. Ndizvozvo. Unoenda kunze ikoko wosvikomukwatura ganda, kana kuti unomuita kuti apinde mumba. Ndizvozvo. Unomuda.

¹⁴¹ Ndizvo zvakaitawo Evhangeri. Mwari vanokuda. “Zvino vose vaAnoda, Anoranga nekutsiura mwana wose anouya kwaAri.” Kana usingakwanise kugamuchira kurangwa, unobva waenda wonoshatirwa nokuda kwazvo, zvararo muri vana veupombwe, hamusi vana vaMwari. Saka chingorangarirai, kuti iGwaro.

¹⁴² Zvino shoko rinobva kwaAri, shoko rimwe chete, rinoreva zvinodarika zvandingataure, muhupenyu hwakapetwa kamiriyoni. NdiYe. Tinoziva vimbiso yaKe. Tinoziva zvaAkavimbisa kuzoita. Zvino handizive kana...wa... tichatanga kubva pa... .

¹⁴³ Apa here makadhi zvakare? Wambopa here makadhi nhasi? Anga ari chii? J, zvakanaka. Zvakanaka, kuti tichengetedze nguva, ngatingotangirai panhamba yeposhi. Iye zvino, vanogona kunge vari kwese-kwese mumba muno. J, nhamba yeposhi.

¹⁴⁴ Zvino tine vamwe vari kudzengerera. Takatangira kubva, pane imwe nguva, kubva pane *iri*, kwechinguva, pamwe tichidzoka mberi neshure, nekwakapoteredza, asi takazovaita kuti vange vachidzengerera pano. Asi munhu wose anopinda muno, mazuva ose, ane mukana wekupinda mumutsara. Hazvireve izvo kuti kana uri pano... .

¹⁴⁵ Vangani vanoziwa, mumusangano uno, kuti pane vakawanda zvakada kupetwa kaviri vakapodzwa muungano, kudarika vakapodzwa kumusoro kuno? Ichokwadi, munozviziva. Munoono, kadhi remunamato rinongoita kuti vanhu vakwire kumusoro kuno, kuti Mweya Mutsvene auye pakati pavo,

sezvamajaira kuita. Hatisungirwe kunge tiinawo iye zvino. Tinokwanisa kurega zvemakadhi omunamato.

¹⁴⁶ Sezvatakaita nezuro manheru, takange tisina makadhi omunamato nezuro manheru. Mweya Mutsvene wakafamba napakati peavo vakange vasina makadhi omunamato. Uye ndakaona zvinhu zvakawanda zvandisina kutaura pamusoro pazvo, nokuti handina kuziva kuti ndizvo here kana kuti kwete. Pakaramba paine rima pamusoro pavo, zvino ini ndakazongozvisiyawo zvakadaro. Ndakange ndisiri kuziva. Hapana chakanaka chazvaiita kuvadana. ZvaAnenge ataura ndizvozvo, saka tererai kune zvaAnotaura.

¹⁴⁷ Zvino wati anga ari J? J, nhamba yeposhi. J, nhamba yeposhi, ndiyani ane kadhi remunamato, simudza ruwoko rwako. Unenge wakanganisa, mwanangu; anofanira kunge ari...O, ndine urombo. O, kumashure-shure kumadziro kumashure. Kwirai kuno, amai. Va—vanongouya nemakadhi aya kuno, mukomana, Hama Borders kana Billy, mumwe, dzimwe nguva vari vaviri, vovhenganisa makadhi aya pamberi penyu, shure kwazvo vanozokupai makadhi enyu, chero zvamunenge muchida. Isu hatizive, anongo... *Uyu* anogona kuwana nhamba yechishanu, zvino *uyo* owana nhamba yechinomwe, *uyu* owana nhamba yegumi neshanu, zvino *uyo* nhamba yemakumi mapfumbamwe neshanu, uye hatizive. Uyezve, zvekare, pandinouya, ndinongo, chero pazvinenge zviri pamoyo pangu, ndinodana kubva ipapo, zvisinei kuti ndepapi. Ndinongo...Kana ndikati...Dzimwe nguva ndinoverenga kuti mune vanhu vangani mumutsara, ndoipatsanura nehuwandu hwevanhu vari mumutsara uyu ndowana minduro yacho. Munoono? Uye zvadaro, kana ndikatadza, ko, ndinongo...chero inenge yatanga kuuya mumusoro mangu, ndinobva ndadana.

¹⁴⁸ Nhamba poshi. J, nhamba yepiri. Nhamba yepiri, nhamba yetatu, nhamba yechina, nhamba yechishanu, nhamba yechitanhatu, nomwe, sere, pfumbamwe, gumi, regai vauye, munoono. Potsi, piri, tatu, ina, shanu, tanhatu, nomwe, sere, pfumbamwe, gumi. Zvakanaka. Ndiyo nzira yacho, chitouyai... Mirai, mumwe aenda nokune rimwe divi. Ndanga...Potsi, piri, tatu, ina, shanu, tanhatu, nomwe, sere, pfumbamwe. Ndizvozvo. Zvino, pano, heinoyi iyi pano, gumi. Zvakanaka.

¹⁴⁹ Gumi neimwe, gumi nembiri, gumi nenhatu, gumi neina, gumi neshanu. Tatutsira nevamwe vashanu. Potsi, piri, tatu, ina, shanu. Zvakanaka, izvi zvanaka.

¹⁵⁰ Gumi nenhanhatu, gumi nenomwe, gumi nesere, gumi nepfumbamwe, makumi maviri. Potsi, piri, tatu, ina. Ndiri kungoona vana. Makumi maviri, makumi maviri adaira here? Zvakanaka. Zvino, hatisi kuda kuti vakawanda vange vakamira panguva imwe chete. Zvino kana tichinge tapedza neava,

uye pachiine nguva, tichatora vamwezve. Hatidani. . . Zvimwe kuda ti. . .

¹⁵¹ Regai tiedze vamwezve vashoma. Regai tiedze pane vamwezve vashanu. Makumi maviri nemumwe kusvika makumi maviri nevashanu, ari maJ, ngavasimuke kana muchikwanisa. Makumi maviri nemumwe kusvika makumi maviri nevashanu. Potsi, piri, tatu, kumashure-shure uko, ina. Potsi, piri, tatu, ina, uyo weshanu. Zvakanaka, zvino ngatimbomirirai ipapo. Pane makumi maviri nevashanu vari mumutsara, zvino vari—vari kupinda mumutsara zasi kuno.

¹⁵² Zvino ndiri kuda kukukumbirai chinhu chimwe chete. Nyatsoteeresai. . . Ipai Mwari kuteerera kuzere, kwemaminiti gumi nemashanu, gumi nematanhatu anotevera. Muchazviita here? Uye mungaitewo here izvi, zarurai moyo wenyu? Zvino rangarirai zvandataura. Musarega zvichipfuura nekumusana kwenyu, semvura iri kudonhera kumusana wedhadha, sechitaurwa chakare. Musadaro. Cherechedzai iZvi.

¹⁵³ Kana ndikakuudzai chero chipi chinhu chisiri muRugwaro, pamwe nevimbiso yenguva, wakasungirwa kuona maneja ari pano ouya onditaurira pamusoro pazvo. Ndizvozvo. Ini—ini handidzidzise zvinhu kunze kwezviri muShoko. Zvino kana ndikanyatsomira neShoko, uye ndikaRitaura nenzira iyoyo, zvino Mwari. . . Zviri muBhaibheri. Kana Mutumwa waJehovha akanditaurira zvimwe zvinhu zvisiri muBhaibheri, anenge asiri Mutumwa waJehovha. Ndizvozvo. Hapana pane imwe nguva paAti ambonditaurira chimwe chinhu kunze kwezviri muShoko, uye imi munondipupurira. Haasati ambotaura chinhu chimwe chete, pakati pemazana ezviuru nezviuru, mundimi dzepasi, haAsati ambotaura chinhu chakatsveyama, kana kutaura zvisina kuzadzikiswa.

¹⁵⁴ Teererai. Bvunzai maneja nevamwe vari pano. Zvose izvi zvamunoona pano, ndizvo zvidiki zvacho. Ndizvo here, hama? [Hama dzinoti, “Ndizvo.”—Mupepeti.] Handiti, kunze uko, nemuhupenyu hwevanhu, kwaAnoti, “Enda kunzvimbo *yakati*, ugoona *zvakati*. Zvino *zvakati* zvichaitika. Uye utaure *zvakati* uko, zasi *uko*.” Zvinoramba zvichiitika, nguva dzose, munoona, gore negore. Vanhu vari muungano vanongoona zvi—zvinhu zvidiki. Asi iye zvino mukayeresa.

¹⁵⁵ Zvino munhu wese ari mumutsara uno wekunamatirwa, amire pano, munhu here wandisingazivane naye? Simudzai mawoko enyu kana zviri izvo. Zvakanaka. Vangani kunze uko vakadaro, vanoziva kuti hapana chandinoziva pamusoro pavo? Simudza ruwoko rwako. Zvino apo. . . Mazvita. Handina basa nekwaUri, kana uri mudenga mubharikoni, kumashure kumadziro, zvichidzika nepano *apa*, chero kwese kwaungadai uri. Ndave kuzo. . .

156 Zvino, izvi ndezvekuti zvikunakirei. Izvi ndezvekuti mubatsirikane. Munoono, ndezvekuti mubatsirikane.

157 Ndafunga kuti kamuzukuru kangu kaduku kanga kachitaura kwandiri, asi handizvo. Ndine kamuzukuru kangu hameno pakari muno, manheru ano, kakakura seizvi, zvino ndafunga kuti ndiPaul mudiki. Aigara achiti achauya, osvikomira papuratifomu, oparidza panzvimbo yangu, uye haasati anyatsosvika makore maviri okuberekwa. Ndinofunga kuti kakomana kaduku ako kari kutsvaka amai vako.

158 Saka rangarirai, ndiri kuedza kukubatsirai. Ndi... Mwari vanozviziva izvozvo. Ndiri kuedza kukubatsirai, maona. Zvino tarirai, ndiri kuda kuti muwane betsero, kana Achinge auya pakati pedu.

159 Zvino pafungei ipapo, Munhu waJesu Kristu achishanda munyama, sekuvimbisa kwaAkaita kuti Aizoita kumagumo. Vangani vanoziva kuti Akazvivimbisa? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Sezvazvakange zvakaita zasi uko kuSodhoma, apo Mutumwa aive akafuratira nemusana waKe, uye... Akange ari Mwari. Munozvitenda here kuti akange ari Mwari? Vangani vanozvitenda kuti akange ari Mwari? ["Ameni."] Ichokwadi, akange ari. Bhaibheri rinoti akange ari. Uye Iye, Jesu, akataura nezvazvo. Zvino cherechedzai.

160 Zvino imi kunze uko musina makadhi omunamato, ndinoda kuti mundiitire chimwe chinhu, chero pose pamuri. Zvino rangarirai, zvinhu izvi, cherechedza paAnokuudza kuti wapodzwa, kana zvaAnokuudza kuti uite. Cherechedza zvaAnotaura. Kana Achinge akutaurira, zviripo kusimudzira kutenda kwako. Zvino kana kutenda kwako kwasvika pane chimwe chiyero, unogotambanudza ruwoko wogamuchira Mwari. Handini, nokuti Baba vari Kudenga vanoziva.

161 Ndikatarisa ndichidzika nemutsara uyu, handioni kana munhu mumwe chete wandinoziva. Handisi kuona kunze kwevanhu vangaite vaviri kana vatatu muungano yose, vandinoziva. Uye handinganyatsoziva, iye zvino, ndingangoti, ndiratidzei mumwe chete. Ndinoziva uyo Edmund Way anga ari pano maminiti mashomanana apfuura. Ndinofunga kuti ndamuona, zvino nda—ndapotsa... .

162 Kana ndisiri kukanganisa, ndiri kuona mumwe munhu wandinoziva, mumwe murume nemudzimai wake, nemusikana mudiki, anonzi Fritzinger, anobva kumusoro kuOhio. Ndimi here, ndimi here hama—Hama Fritzinger? Mugere makati kombamirei zvishoma apo... NdiHama neHanzvadzi Fritzinger, vekuOhio, shamwari dzangu.

163 Zvino kunze kweava, agere kumashure uko, pane... Ndiri kuona kurutivi necheapo, pane mutana ave nemakore makumi mapfumbamwe nemaviri okuberekwa, anonzi William Dauch. Iye pamwe nemudzimai wake. Mudzimai wake mukoti. William

Dauch, wemuOhio, shamwari yangu chaiyo yepedyo. Hakasi kare, akava, pamakore makumi mapfumbamwe nerimwe, moyo wake wakamira kushanda zvachose, moyo wakakundika, zvino mudzimai wavo akandidana, kuti ndiuye pakarepo, akange ave kufa ipapo. Zvino pa . . .

¹⁶⁴ Agara ari shamwari yangu chaiyo yepadyo. Ndiri munzira yangu ndichinomuona, ndainetseka. Zvino ndakamira, rimwe remavhiri angu rakange rofamba rakatarisa divi, zvokuti tayi rangu rakange robaruka kuita zvidimbu-zvidimbu, zvino ndakapinda pagaraji reTexaco, ndokutenga peturu, zvino vakauya, ndokuritarisa. Zvino ndakatarisa kumusoro, ndokuona Hama Dauch vachifamba nemucheche mangu, vachindikwazisa neruwoko rwangu. Ndakati, “Mwari ngaArumbidzwe.” Ndakatarisa nechekumashure seizvi, zvino hevanoi vachifamba vachiuya nemumugwagwa, vakasvikokwazisa ruwoko rwangu. Ini ndokuenda kwavari.

¹⁶⁵ Ndakaona chiremba wavo, muJudha wechidiki, kana kuti murume ane zera riri nechepakati nepakati, murume wechiJudha. Zvino ndokuti, “Vari sei, chiremba?”

¹⁶⁶ Akati, “Havasisina kana mukana zvawo wekurarama.” Akati, “Vari mutende remweya wekufema.” Akati, “Vachafira ipapo chaipo.” Akati, “Rangarira, vane makore makumi mapfumbamwe nerimwe chete okuberekwa.”

Ndikati, “Hongu, changamire.”

¹⁶⁷ Ndokuti, “Moyo wake hauchashandi zvachose. Hapachisina chinogona kuitwa.” Ndokuti, “Yakwana nguva yekuenda.”

¹⁶⁸ Zvino ini ndakati, “Hongu, changamire. Asi, kwete, havasi kuenda. Ndizvozvo bedzi.”

¹⁶⁹ Ndakapindamo, ndikaisa mawoko angu nepasi petende. Ndikati, “Hama Dauch, muri kundinzwira here?” Vakanditarisa. Zvino chaizvo izvo, muzita ravo, ivo muJerimani, D-a-u-g-h, zvino ini ndinongoridudza saDauch, munoona. Zvino ini—zvino ini ndakaisa mawoko angu nepasi petende, ndikati, “Muri kundinzwira here, Hama Dauch?”

Vakati, “Hongu.”

Ndikati, “Hamusi kufa. Ndatozviona kuti hamusi kuzofa.”

¹⁷⁰ Vhiki rimwe kubva ipapo, ndimire mucheche mangu, ndiyani akauya achifamba achipinda mucheche kunze kweHama Dauch! Ndakabva pamusangano ndikaenda mhiri kwerwizi, kune nzvimbo yekudyira, kunodya. Zvino pandakabuda mumotokari, ndave kufamba ndichikwira nemugwagwa, hepano Hama Dauch vakauya vakatambanudza ruwoko rwavo. Zviratidzo hazvikundike.

¹⁷¹ Zvino murume uyu ane makore makumi mapfumbamwe nerimwe, anotevera musangano woga-woga, akange ari muCalifornia. Mungasimudzewo here ruwoko rwenyu, Hama

Dauch, vagere apo, kuti vanhu vanyatsoona zvakaita musoja wechokwadi. Pano, vagere pano chaipo, munoona, makore makumi mapfumbamwe nerimwe okuberekwa, uye vanotevera misangano yose. Kana ndiri patabhanakeri, vanotyaira mazana emamaira zuva nezuva, kuti vagondinzwa ndichiparidza mharidzo duku, vobva vadzokera. Mwari, “Kuchava nechiedza munguva dzamadekwana.”

¹⁷² Ndakati, rimwe zuva ndichitaura navo, ndakati, “Chii chandingakuitireiwo, nhai Hama Dauch?”

¹⁷³ “Ndine chikumbiro chimwe chete, Hama Branham. PaAnouya, ndinoda kuenda naYe.”

¹⁷⁴ Ndikati, “Musanetseke. Zvakatosimbiswa. Mazvirokwazvo.” Zvino, murume wacho akauya, akabhabhatidzwa, o, akauya ndokugamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene nezvese, angori muranda waKristu anoshamisa.

¹⁷⁵ Iye zvino ndave kuda kukumbira munhu wose, kunyatsoremekedza, mutarise kuno muchinamata.

¹⁷⁶ Zvino vadzidzisi vangani vari muno vanoziva kuti ndiYe muPrisita Mukuru, iye zvino, anokwanisa kubatwa nemanzwiro ohutera hwedu? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Saka, kana ari mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi, uye ari muPrisita Mukuru mumwe chete, Anoita maitiro mamwe chete. Kunze kwekuti, iYe, mutumbi waKe uri pa . . . paChigaro chaMwari. Vangani vanozviziva? [“Ameni.”] Mutumbi waJesu uri paChigaro chaMwari. Asi anoshandisa mutumbi wedu kuti Azviratidze, sezvaAkavimbisa kuzoita. “Mabasa Andinoita nemiwo muchaaita.”

Ndichakukumbirai kuti mugare chinyararire, muchiremekedza, nokutarisa, muchinamata.

¹⁷⁷ Zvino, Baba voKudenga, ndaedza kuva neruremekedzo sokuziva kwangu, panyaya iyi. Zvino shoko rimwe bedzi rinobva kwaMuri zvino, Ishe, zvino dai Inzwi rakanyorovera, duku radzika richipfuura nemuungano ino richiti, “NdiNi; musatye.” Zviitei, Baba. Ndinozvipira kwaMuri, pamwe nemharidzo yaparidzwa manheru ano, neShoko reNyu richisimbiswa. Hamusungirwe henyu kuzviita. Asi kana Mukazviita, kana Mukaita saizvozvo, nokuti Makavimbisa kudaro. Ndinomamata kuti muchazviita, nemuZita raJesu. Amen.

¹⁷⁸ Zvino munhu wose ngaave nokunyatsoremekedza, ave nokunyatsoremekedza. Makadiniko? Iye zvino ndichakupai Gwaro patinenge tichienderera mberi. Kana Ishe vakazviita, handizivi. Asi chi- . . . Zvino ndanga ndiri kuparidza saizvozvi, munoona, iyoyo imwe mhando yechizoro. Iyi imwe mhando yechizoro. Changa chiri kungoropafadza. Ichi, chinongori chimwe chinhu, chinonyatsotora upenyu kubva mauri.

179 Zvino mudzimai amire pano. Handisati ndambomuona muupenyu hwangu. Tinozivana here? Ndinotenda kuti wati iwe, nguva yapfuura, handikuzivi. Mwari vanokuziva. Vanondiziva. Munoziva here kuti zvatakamirira pano iye zvino, tichanozvipindurira noMusi weKutongwa? [Hanzvadzi inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Uri kuzviziva izvozvo? Unoziva kuti zvatinaita nhasi, Mwari vachaita kuti tizvipindurire kumusoro uko? Ndangozvitaure nechinangwa. Zvino, kana Ishe Jesu vakandizarurira zvauri kuita, zviri mupfungwa dzako, kana zvimwewo zvakadaro, unozovitenda here? Unofanira kuzvitenda, handizvo? [“Ameni.”]

180 Munozvitenda here kunze uko, imi ungoro? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

181 Iye zvino takanyatsomira sezvakaita mudzimai patsime, naIshe wedu, murume nemudzimai vachisangana kekutanga. Munoono? Tiri pano, tichisangana ke. . . NdiMutsvene Johane chitsauko 4. Zvino kana Mweya Mutsvene ukataura. . . Kana uri pano wakamiririra mumwe munhu, kana uri kurwara, kana riri dambudziko mumhuri, kana riri dambudziko remari, chero chipi zvacho, ini handizvize. Asi iYe anoziva. Asi Anokwanisa kuzvera pfungwa dziri mumoyo mako. Iye iShoko. Ini handikwanise. Ndiri munhu. Uri kungohuta-huta zvisihoma, ndicho chikonzero ndiri kuita izvi, munoono.

182 Ndiro rimwe rematambudziko ako, kuhuta-huta. Ndizvozvo. Uyezve une chirwere cheshuga, ndicho chimwe chinhu chisina kuita zvakanaka pauri. Ndizvozvo. Pane zvakahiringika, pane zvakananda zvakananganisika. Ndizvozvo here? Kana zviri izvo, simudza ruwoko rwako. Maona? Unotenda here kuti Achakupodza? [Hanzvadzi inoti, “Ndinotenda.”—Mupepeti.] Unotenda? Zvino, kuhuta-huta kwako kunokonzerwa nezera rako, munoono, asi iye zvino izvozvo zvichakusiya. Zvino ndinotenda kuti nokutenda tinoenda Karivhari, kunoiswa rimwe Ropa.

183 Zvino, ndizvo chaizvo zvaAkaita. Akaudza mudzimai wepatsime zvaive dambudziko rake. Rake raive revarume vakawanda. Rako ranga riri chiiko. . . Ndinofunga kuti kuhuta-huta, nezvimwe zvinhu zviviri kana zvitatu zvakananganisika pauri. Ndizvozvo, handizvo? Chinhu chimwe chete.

184 Zvino, paAkasvika pana Simoni, Akamuudza kuti aiva ani. Unozvitenda here kuti Mwari vanokwanisa kundiuudza zita rako? Zvinokuita here kuti uwedzere kutenda? Ndizvo? Mai Strong. . . [Hanzvadzi inoti, “Stout.”—Mupepeti.] Stout, unotenda here? Enda uchitenda, zvino ucha. . . Zvapera. Ameni.

185 Uya. Unotenda here? Ndiri mutsvazve kwauri. Handikuzivi. Mwari vanokuziva. Unozvitenda here kuti Vanogona kundizarurira zviri dambudziko rako? Zvino kana Vakazviita, zvadaro Ishe Mwari ngavaropafadzwe. Ichokwadi here?

[Hanzvadzi inoti, “Hongu, ichokwadi.”—Mupepeti.] Iye zvino hau—haufanire kunetseka, munoono, ndi—ndiYe, wauri kunzwa. Zvakanaka. Uri kurwarawo zvakare nedambudziko rekuhuta-huta, kusagadzikana mupfungwa, unokurumidza kukanganisika. Une dambudziko redundiro, pane chakakanganisika nechiropa, uye une ropa shoma. Ndizvozvo chaizvo. Une chimwe. . .

¹⁸⁶ Pane murume wandiri kuramba ndichiona pano. Unotenda here kuti Mwari vanogona kukupodza? [Hanzvadzi inoti, “Hongu, ndinotenda.”—Mupepeti.] Kupodza murume wako, zvakare, kuti agonaya? Unofunga here kuti dambudziko remudumbu richapera, uye agoita zvakanaka? Ndizvo zvaari kurwara nazvo. Enda unoisa mawoko ako paari, ugomuudza saizvozvo, zvino richa—richamusiya.

¹⁸⁷ Ndiri mutsva kwauri. Ishe Jesu vanotiziva tiri vaviri, haVazive here? Unotenda here kuti Mwari vanogona kukupodza? Kana Ishe Jesu vakandizarurira chinhu icho chiri. . . chauri. . . chiri mumoyo mako, unozvitenda here kuti Anokupodza? Wakambove nedambudziko. Une dambudziko refu—fu—furidzo renduru, ndiro rimwe racho. Chimwezve, zvakaite kuti furidzo rako renduru rive nemaronda emukati, asi ndizvo zvakataurwa nachirema vako. Zvino, chimwezve chinhu ndechekuti, vari kuda kukuopareta nokuda kwazvo. Ndizvozvo chaizvo. Hachisi chokwadi here? Zvino unotenda here kuti Anokwanisa kuita kuti izvozvo zvisaitwe? Unofunga kuti kutenda kwako kuri maAri? Iye zvino uri kuziva kuti handini ndiri kuzviita. Unotenda here? Zvakanaka. Chienda, zvino sokutenda kwawaita, ngazviitike kwauri.

¹⁸⁸ Tiri vatsva mumwe kune mumwe, pakufunga kwangu. Ishe Mwari vanotiziva tiri vaviri. Unotenda here kuti Vanokwanisa kundizarurira zvinhu zvinogona kukubatsira? [Hanzvadzi inoti, “Hongu, ndinozviziva.”—Mupepeti.] Iwe, unotenda kuti Achaziita. [“Ndizvo chaizvo.”] Ndiri kuti. . . “Ndizvo chaizvo,” zvakanakisa kwazvo. Zvakaisvonaka kwazvo. Une zvinhu zvakanakisa zvisina kumira zvakanaka pauri, zvinhu zvakanakisa zvavhiringika nezvimwewo, uye nechinenge chikosoro, uye chiri kuramba kupera. Zvino uri kuhuta-huta zvikuru. Uye—uye kuti, ndizvozvo.

¹⁸⁹ Zvadaro, une mutoro pamoyo wako, zvino mutoro uyu ndewe mumwe munhu, anova mwanakomana wako. Zvino ane da—dambudziko, dambudziko remhuri. Iye nemudzimai wake, vanogara vachipopotedzana zvisingaperi. . . ? . . . Zvino zviri kukuremera. Ndizvozvo. Zvino iwe tenda nemoyo wako wose, zvichapera zvobva zvaenda. Chitenda zvino. Ishe vakuropafadze.

¹⁹⁰ Makadiniko, changamire? Ndiri mutsva kwauri, uye—uye uri mutsva kwandiri. Zvino zvave—zvave kutanga. . . Zviratidzo

iyе zvino, ndiri kuona, zviri kuita sokunga imba yose yave nechiedza, zvichiita sokunge kutenderera sechamupupuri. Maona? Asi unotenda here kuti Ishe Jesu vanokwanisa kundizarurira zvawakamirira ipapo? Unotenda kuti Achazviita? Ndinozviten dawo, zvakare. Ndiri kungotaura newe, kuti ndibate mweya wako, ndizvo chaizvo zvandiri kuzviitira. Munoono, ini handikuzivi, saka chinofanira kuva chimwe chinhu chisiri ini chiri kuzviita. Ndinofanira kunyatsozvibvisa pandiri, kuti Agozviita iYe omene. Uri kunzwisisa?

¹⁹¹ Iye zvino, chinhu ichi, une dambudziko rakakura rekuhuta-huta, zvino kuhuta-huta uku kwava nenguva. Ndizvozvo. [Hama inoti, “Ndizvozvo.”—Mupepeti.] Zvino chihano chekuhuta-huta ichi cha ita kuti ugume wava neB.P., zvakare. Uye wakambooma mutezo. [“Ndizvozvo.”] Ndizvozvo. Handiti, iwe waimbova muparidzi, kana kuti uri muparidzi. [“Ndiri.”] Zvino uri muparidzi; ndakuona wakamira mupurupiti. Zvadarо, iva nekutenda muna Mwari, zvino kuhuta-huta uku kuchakusiya. Vashumiri vose vanozviita. Uchaita zvakanaka. Dzokera kupurupiti yako, vogoteerera Mwari nekugara wakatendeka kuShoko iroro, Jesu Kristu.

¹⁹² Unotenda here kuti dambudziko rako remusana rakusiya, iwe ugere muchigaro? Unozvitenda here? [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Zvakanaka, changamire, zvino chingorambai muchifamba, muchiti, “Mazviita, Ishe.”

¹⁹³ Uyai, amai. Makadiniko? Munotenda here kuti ndiri muranda waKe? [Hanzvadzi inoti, “Ichokwadi ndinotenda.”—Mupepeti.] Zvakanaka. Munotenda here kuti dambudziko remadzimai, dambudziko remadzimai, richakusiyai? [“Amen.”] Munotenda? Zvino chiendai, muchiti, “Maita heNyu, Ishe.”

¹⁹⁴ Dambudziko reitsvo, dambudziko remusana, kumusana kwako. Unotenda here kuti Mwari vachakupodza uye vachaita kuti uite zvakanaka, kubva pane izvozvo? Unotenda here kuti Vachakupodza? Zvakanaka, tora pane rako . . . ? . . .

¹⁹⁵ Uya, mudzimai. Ndiri mutsva kwauri. Kana ndikasataura chimwe chinhu kwauri, zvachose, uchatenda here kuti Hupo hwaMwari huripo pano kupodza vanorwara? [Hanzvadzi inoti, “Zvirokwazvo, ndinozviten da.”—Mupepeti.] Uchadaro? Zvakanaka, kana ukadaro, dambudziko rako remudumbu . . . Ndatokutaurira, waona. Zva—zvaperа. Ndakutaurira, waona. [“Ndinotenda Mwari! O, Mazviita, Jesu.”]

¹⁹⁶ Makadini, changamire? Mwari vanogara mumoyo. Zvino moyo wako uri kuratidzika muchinguva chapfuura, kuti hauna kunaka. Unotenda here kuti Vachaita kuti uite zvakanaka? Chienda hako uchizvitenda. Mwari vakuropafadze. Chitenda; Vachaita kuti uite zvakanaka.

¹⁹⁷ Unohutahuta, zvaita kuti uve nedambudziko remudumbu, maronda emudumbu. Anokunetsa mushure mokudya. Unotenda

here kuti zvapera zvose? Enda unozvitsvakira chimwe chinhu chokudya.

¹⁹⁸ Uri kunetseka pakumuka, musana wanga uchikunetsa zvikuru. [Murwere anoti, “Hongu, changamire.”—Mupepeti.] Hauchakunetsi zvakare, kana ukazvitenda. Uchadaro? [“Hongu, changamire.”] Zvakanaka, chienda, dai Ishe Jesu Kristu vakakupodza zvizere.

¹⁹⁹ Uri kuhuta-huta nokuda kwei? Chingoenda, uchiti, “Handisi kuzohuta-huta zvekare,” uye unenge uchisina kudaro. Enda uchitenda. Zvakanaka, changamire.

²⁰⁰ Uya, mudzimai. Zvino, mudzimai muKushi, nemurume wechichena, chaizvoizvo zvakafanana nepavakasangana nezuva riya, Jesu. Vaiva nerusarura ganda serwavaiva narwo kumawodzanyemba, asi hatichisina zvachose. Jesu akavaita kuti vazive kuti vanhu vose ndevaMwari. Pakange pasina mutsauko, munoona, dai mudzimai aive muJudha kana muSamaria.

²⁰¹ Zvino, kana Mwari vakasakubatsira, nenguva isipi gomarara richakuremadza. Asi unotenda here kuti Vachakubatsira, nekukupodza? Sezvakaitwa nemudzimai uya, chienda hako unoudza vanhu vekwako zvinhu zvikuru izvo Mwari vakuitira. Zvakanaka.

Zvino, pana chiremba agadzirira kuburitsa banga.

²⁰² Mirai zvishoma. Anga asiri mudzimai uyu. Zvino, mirai zvishoma, munhu wese ngaave mukuremekedza zvino. Ndi—ndiSatani, anga ari kuedza kuita chimwe chinhu. Hezvinoini izvi. Chibundu, chibundu, mose muri vaviri. Ndizvozvo. Iwe une chibundu, uyo ane chibundu, zvino dhimoni riri kudandzira richitsvaka rubatsiro kubva kune rimwe. Asi Mweya Mutsvene ari kudandzira, zvakare. Ndeupi wauchatenda, Iye? Zvakanaka. Simuka kubva panhowo iyoyo, mudzimai. Simuka kubva pasitirecha. Simuka ubve ipapo, uchitenda. Chienda, uchiMutenda zvino. Amen.

²⁰³ Munotenda here? Zvinhu zvose zvinogoneka. Munotenda here? Ko imi muri muungano? [Ungano pamwe neavo vachangopodzwa vose vari kupembera—Mupepeti.]

²⁰⁴ Ngatimirei netsoka dzedu iye zvino. Iye zvino ndiyo nguva yekuzviita. Dai munhu wese. . .Mwari vakuropafadzei. Munhu wose ngaamire netsoka dzake iye zvino. Ipai Mwari kurumbidzwa. Simudzai mawoko enyu.

²⁰⁵ Maita heNyu, Ishe Jesu! TinoKurumbidzai nokuda kwehukuru hweNyu, pamwe nekupodza kweNyu varwere. [Ungano inopembera—Mupepeti.]



CHAPUPU PAGUNGWA SHO64-0307
(A Testimony On The Sea)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kekutanga neChirungu Mugovera manheru, Kurume 7, 1964, paSoul's Harbor Temple muDallas, Texas, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2017 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org